BABAD SUMEDANG

1. Pupuh Asmarandana

// 1. Kawula hatur pangéling, 1
ka sadaya kadang warga,
ka nu sepuh ka nu anom,
dina hal ieu carita,
sumawona aksarana,
awonna kaliwat langkung,
wantu sim kuring teu ngalap.

2. Aksarana henteu uni,
ngan pikeun lulumayanan,
aksarana kasar kabéh,
kawantu henteu sakola,
ngan kuring bawaning hayang,
sugan laun-laun becus,
bawaning ku dileuleukan.

3. Kuping kuring enggeus yakin,
soca anu enggeus nyata,
gentarna anu geus jongok,
enggeus nyata sadayana,
anu aya dina papan,
pangambung anu geus nungtung,
jumenengna ing kawula.

4. Kakara jumeneng gusti,
tapi kudu harti pisan,
tingkah polah éta kabéh,
kanyataan kanugrahan,
karasa teu asa-asa,
raos anu sapatemu,
nu murba sakabéh alam.

5. Alam masing kaharti,
keur waktu dina ibarat,
éta béda-béda kabéh,
rupana reujeung basana,
keur waktu dina muktina,
aksara nu tilu puluh,
pabalatak rupa-rupa.

6. Éta téh kudu kaharti,
nu tilu puluh aksara,
saréatna kitu kénéh,
saréat geus puguh pisan,
sumawona hakékatna,
aksara nu tilu puluh,
beunangkeun éta sundana.

7. Ma’rifatna kudu yakin,
sumawon reujeung sulamna,
aksara jeung rupa kabéh,
enggeus nyata dina papan,
manah manéh téh nyatana,
mawurna téh dina waktu,
nu lima perkara téa.

8. Awak nu opat perkawis,
nya éta ngaran sambeyang,
aksarana wau jeung bé,
nya éta aksara kasar,
ari ngaran salat éta,
anu sunat migawéna waktu,
nya éta nu ngaranna salat.

9. Aya basa salat hiji,

sambahiyang anu opat, // 2
tah aksara dua kénéh,
nya éta ngaranna tingkah,
nya éta ngaran saréat,
ari salat anu peredu,
nya éta ngaranna islam.

10. Islamna mah sing kaharti,
euweuh nu opat perkara,
sabab hanteu kacarita,
aya sawangan babasan,
kumpul nu hiji perkara,
rupa rupi reujeung semu,
mungguh tina hiji rupa.

11. Rupa anu hiji rupi,
warna éta geus opat,
ngaran kitab nu bolongor,
nya éta di kalam mangsa,
kalam mangsi anu nyata,
jeung dalil tajibul wujud,
wujudna éta nu nyata.

12. Tah éta enggeus patitis,
tatakeun ku polah urang,
mangga masing kahartos,
larapkeun kana salira,
ulah pisan lalawora,
bisi matak jadi seru,
ahirna jadi tunggara.

13. Ari asalna sim kuring,
nukil tina kitab kuna,
asalna pusaka kahot,

dingaranan teu ranggana,
beunangna anu baheula,
geura dangu anom sepuh,
kudu puguh mamanisna.

2. Pupuh Dangdanggula

// 1. Nu direngga direnggi ku ati,
nu dikarang ieu téh carita,
lumayan keur misil conto,
tékadna anu saéstu,
hal salira nu sajati,
béréskeun masingna nyata,
sing datang ka buntu,
mun geus buntu tangtuna nyata,
anu matak ka diri perlu gumati,
sing nyaho awak sapata.

2. Manusa téh mun hantem dipikir,
yaktos pisan éta kawas sekar,
mun seug leukeun ngabokér,
lamun ngaharti sukur,
mun teu ngaharti sumangga pikir,
sabab mun henteu dibongkar,
papanggih jeung bukur,
upama tangkal jeung akar,
sakumaha bédana sumangga pikir,
tangkal bédana jeung akar.

3. Kitu deui geura mangga galih,
ulah salah tékad jeung pamolah,
hantem teteg ulah weléh,
dina sipat dua puluh,
hal salira sumangga pikir,
tékad sarawuh pamolah,

susah ulah wuluh,
mun wuluh nyosohna salah, // 3
anu matak ulah salah manggagalih,
galih téh nyatana Allah.

4. Masing harti lamun urang ngaji,
satemenna sing datang kangoja,
ulah ngandel béja baé,
taroskeun hantem paju,
ulah mangmang sing jadi hiji,
ari hiji téh paneja,
mana hantem paju,
mun ngarasa tangtu ngoja,
nu di seja taya lian ngan pas hiji,
Alloh nu dipuji puja.

5. Beurang peuting hantem cipta ku ati,
henteu lian ngan éta nu nyata,
nyatana teu lian haté,
haténa anu saistu,
enya éta anu sajati,
nu matak sing awas pisan,
téangan sing buntu,
mun buntu tangtuna nyata,
enggeus pasti jumeneng robul alamin,
wujudna Alloh téh nyata.

6. Hal sahalat anu tanpa tulis,
tanpa papan nya éta sing islam,
dina manah ulah polos,
tékadkeun masingna lulus,
ulah pisan milampah iblis,
sabab lamun hanteu ikhlas,
tékad téh hamo lulus,

masing luwis ulah luwas,
lamun hayang uninga saméméh lalis,
sing lulus manah hampelas.

7. Nomer hiji kalimah Yang Widi,
nomer dua éta henteu béda,
Muhammad nu katilu,
urang ngaharti kudu,
sahijikeun éta Yang Widi,
sing awas tunggal jeung béda,
saibarat madu,
jeung kalimah éta téa,
Muhammad rawuh Yang Widi,
manah jeung manéh teu béda.

8. Anu matak poma sing patitis,
dina manah poma masing lantas,
sing terus asal tumetas,
sahadatna tangtu putus,
tangtu hiji gancang patitis,
sok leumpang aya nu leupas,
jeung kapas mah enggeus pupus,
tangtu pisan enya éta,
napasna téh tangtuna gé empas empis,
dipungkur ninggalkeun hampas.

3. <u>Pupuh Pangkur</u>

1. Nyarioskeun bab martabat,
ahadiat éta anu jadi bibit, // 4
kadua wahdat disebut,
katiluna wahidiyat,
sadayana éta martabat nu tilu,
sadayana kacarita,
anyar tatapi sabibit.

2. Nu anyar téh alam arwah,
alam ajal insan kamil anu ahir,
tah éta martabat pitu,
ahirna jadina meta,
sanggeus meta manusa tangtu metu,
nu matak geus dicarita,
metu meta rawuh mati.

3. Geura sumangga manahan,
bab martabat ahadiyat anu dihin,
insan kamil nu panutup,
anu matak geus disebat,
insan kamil martabat ahirna metu,
awal ahir henteu béda,
nya éta nyataning Widi.

4. Wujud Alloh deukeut pisan,
henteu aya antara pisan saeutik,
ngan henteu beunang dituduh,
sabab tina deukeut téa,
ceuk Jawa mah enon ti nona maha agung,
ningali nu ningalian,
kahalangan ku tingali.

5. Hadis téh timbalanana,
roaitu robbi birabi,
fala aula lirobahu,
ningali ka pangéran,
jeung pangéran lamun henteu jeung Yang Agung,
taktos henteu bisa ningal,
lamun henteu jeung Yang Widi.

6. Jeung deui aya lapadna,

mandalabau lahu goirul wujudi,
saha néangan Yang Agung,
lian tina ayana,
fakod kauna kafiron tah éta kitu,
mun néangan lian urang,
temen-temen jadi kafir.

7. Tatapi néangannana,
susah pisan sabab éta deukeut leuwih,
kapanggih moal patepung,
sababna lamun tepung mah,
jadi dua wujudna nu Maha Agung,
ningali nu ningalian,
tah éta mungguh Yang Widi.

8. Geura sumangga manahan,
kabéh jalma ka Alloh téh sami muji,
yén gusti Alloh téh Agung,
tatapina henteu terang,
teu dirasa istuna ngan béja wungkul,
éta téh sadaya béja,
istuna tuturut munding. // 5

9. Henteu dirasa terangna,
wungkul basa enyana henteu dipikir,
tah éta datang ka kitu,
teu dipikir saenyana,
ana kitu dikirna henteu diaku,
dikir pirang-pirang laksa,
muji muja teu kaharti.

10. Tah éta geura manahan,
sing kacipta éta dina jero galih,
mungguhing gusti Yang Agung,

Alloh taya papadana,
hiji ogé tah éta ngan basa wungkul,
mana kateranganana,
teu aya ngajentul bukti.

11. Tah éta geura téangan,
mun kapanggih tangtu urang jadi kafir,
lamun teu kapanggih kufur,
upama henteu kapendak,
geura hantem téangan pék geura guru,
tah éta susah kacida,
tangtu urang jadi kafir.

12. Tah éta kumaha urang,
lamun nyaho tangtu urang jadi kafir,
lamun henteu nyaho kufur,
tah kumaha éta tékad,
nya pamilih susah milih tina kalbu,
ayeuna mah arék wakca,
istuna taya pamilih.

13. Kufur kafir téh manusa,
ulah milih da enggeus ngajentul bukti,
ari basa kafir kufur,
urang téa lamun terang,
kudu sukur sabab teu lian nu wujud,
ari basa wujud aya,
ari aya ieu geuning.

14. Sing nyaho basa dat sifat,
asma af'al opat wujud nu sahiji,
tah éta ngaranna wujud,
urang téh tangtu kufar,
mun teu nyaho kana éta sifat wujud,

jadi dua sifatullah,
ulah kasemaran ati.

4. Pupuh Asmarandana

1. Kasmaran ati sim kuring,
mikiran diri nu terang,
henteu béda hadé goréng,
ceuk rukun iman geus terang,
hadé goréng polah urang,
manahan ulah kasarung,
hadé goréng polah urang.

2. Sabab sifatna Yang Widi,
éstu henteu pisan béda,
tatapi urang mah bodo,
Alloh taya papadana,
jang sakabéh islam budha,
saupama amis madu,
jeung pilang teu pisan béda.

3. Tatapi manusa pasti,
kasemaran ka pangéran,
nya éta teu acan nyaho,
mun matak kudu tatanya, // 6
ngan lamun geus nyaho akar,
sabab mulya anu agung,
teu beunang pisan dipisah.

4. Sadaya nu sami ngaji,
henteu lian nu diseja,
tékadna téh hayang nénjo,
sifatna Alloh dipuja,
dipuja ku panejana,
muji dikir henteu maju,

tapi tékad hamo ngoja.

5. Lamun teu jeung élmu pasti,
tanggeul pisan bisa nyata,
lamun henteu perelenté,
nyata sing bisa nyarita,
hartina nyarita éta,
lamun ngarti tangtu buntu,
nya éta nu ngaran nyata.

6. Najan beunta teu ningali,
hartina kurang pertéla,
ngaji sok kurang pertéla,
muji dikir lahaula,
tékad teu daya upaya,
tah éta salaku-laku,
ilmuna kurang pertéla.

7. Sabab basa muji dikir,
geura mangga baé kahkar,
masing datang ka bolékér,
sabab saupama sekar,
lamunna henteu di bongkar,
sareng seungitna téh akur,
ibarat tangkal jeung akar.

8. Ayeuna ieu diwisik,
bab sahadat masing asak,
dina tékad ulah dek sek,
badan téh lamun geus asak,
geus hamo pisan ngaruksak,
da badan téh enggeus sepuh,
anggur badan ampir ruksak.

9. Sahadat kalima kalih,
manahna ulah deuk salah,
hantem pikir ulah weléh,
nya éta Muhammad Allah,
tunggal wujud tingkah polah,
pokna sifat dua puluh,
yén wajib wujudna Allah.

10. Ieu caritana nabi,
waktu diturunan Qur'an,
yuswa nabi harita téh,
opat puluh tahun yuswana,
di dinya geus kasumpingan,
malak jabrail nyandak wahyu,
éta pangandika Alloh.

11. Tapi timbalan Yang Widi,
henteu basa teu soara,
sarta nungtut turunna téh,
ngan saayat sakalimah,
jabarail éta nu nyandak,
tah éta cék Qur'an kitu,
kumaha éta nyandakna.

12. Susah pisan teu kaharti,
kumaha éta nyandakna,
timbalan Gusti Yang Manon,
henteu basa teu soara,
éta téh bingung kacida,
tatapi ku kangjeng rasul,
timbalan enggeus katampa.

13. Jeung deui umurna nabi,
sawidak tilu yuswana, // 7

nabi pupus Qur'an seep,
malaikat teu nurunan,
putus ajalna Muhammad,
kangjeng nabi lajeng pupus,
Gusti Alloh teu nurunan.

14. Lamun urang teu ngaharti,
rasa éta perecumah,
sabab ngaji mistina téh,
nomer hiji kudu terang,
kana sudana kitab,
kadua kudu ma'lum,
kana sandana kitab.

15. Péndékna urang téh ngaji,
teu ngarti hamo ngoja,
sabab sok ngandel ka béja,
sulaya reujeung paneja,
babasan kitab dipuja,
ngan basana nu dipaju,
tah éta ngan wungkul béja.

16. Rasiahna teu kaharti,
yén éta timbalah Alloh,
sabab timbalan Alloh téh,
henteu basa teu soara,
tah éta ngaran rasiah,
sumangga manah sing istu,
hal éta timbalan Alloh.

17. Sabab wujudna Yang Widi,
henteu anggang jeung kawula,
deukeut pisan teu pacantél,
basana gusti kawula,

kawula gusti nyatana,
kanyataannana wujud,
tah ieu nu keur ngawaja.

18. Ngan poma-poma sing buni,
nyumputna di tempat négrak,
tapi henteu katémbong,
komo mun buni nyumputna,
…………………………...
cacakna caang teu timu,
sabab ningal nu ningalan.

19. Lahaula téh manggagalih,
pokna teu daya upaya,
kabéh kersana Yang Manon,
tah éta geura manahan,
geura kieu upamana,
dalang jeung wayang sing istu,
tingali éta polahna.

20. Kabéh gé polahna ringkit,
nya éta polahna dalang,
wayang taya polahna téh,
obah jeung usikna wayang,
nya éta ku ki dalang,
tatapi wayang mung (…),
ka dalang taya petana.

21. Atawa wayang téh muji,
ka dalang taya petana,
sabab taya polahna téh,
kitu deui tékad urang,
ka Alloh lamun (…),
hamo bisa muji sukur,

sabab teu daya upaya.

22. Tah éta sumangga galih,
ceuk lapadna lahaula,
urang teu daya sakabéh,
naha saha anu daya,
kapan urang mah teu pisan,
lamun polahna Yang Agung,
naha bet disiksa.

23. Anu disiksa téh diri,
disiksa ku pamolahna,
ditakon éta ku omong,
nya éta lampahna ala,
geuning cék agama sarang,
nu islam perdu guguru, // 8
nya guru ka nu sampurna.

24. Téangan ilmu nu pasti,
jeung guru anu sampurna,
tah éta mana nu yaktos,
basa guru nu sampurna,
jeung ilmu nu pasti mana,
manahan baé ku kalbu,
meungpeung anom sing uninga.

5. <u>Pupuh Sinom</u>
1. Ayeuna gentos carita,
nyarioskeun para wali,
éta patékadannana,
nya éta susunan qolil,
nalika miwejang ilmi,
nya éta pangéran kudus,
éta téh timbalanana,

éh kudus ayeuna kami,
seja nanya nu nyiksa jeung nu disiksa.

2. Saha éta anu nyiksa,
eroh atawana jisim,
lamun disiksa erohna,
kapan tunggal jeung Yang Widi,
lamun disiksa ki jisim,
kapan teu aya sarambut,
tingkah polah éta badan,
tah kudus masing kaharti,
satemena nu nyiksa jeung nu disiksa.

3. Jeung alam kubur téh mana,
geuning carék hadis nabi,
kuburan téh diastana,
lamun kitu éta taqlih,
sabab astana mah bumi,
dunya kénéh éta kubur,
tah éta mana terangna,
alam kubur anu yakin,
ceuk manusa hayang lega pakuburan.

4. Tah éta mana rupana,
ulah dipandang dipinding,
pangéran kudus haturan,
nun gusti teu hilap deui,
geus henteu borong sang Yogi,
sim abdi neda piwuruk,
sunan kali seg nimbalan,
éh kudus deuk wakca kami,
satemenna nu nyiksa jeung nu disiksa.

5. Anu nyiksa téh kalbuna,

anu disiksana jisim,
tapi jisim jeung kalbuna,
teu béda pisan saeutik,
terangna éta sahiji,
enya jasa enya kalbu,
enya adam enya nyawa,
enya eroh nya Yang Widi,
saibarat iwak lauk sareng ikan.

6. Tatapi poma sing awas,
bisi salah nya pamilih,
sabab tékad pat perkara,
anu dijieun mimiti,
saréat nomer kahiji,
nomer dua tarékatu,
nomer katilu hakékat,
nomer opat ma’rifati,
istu tunggal opat sotéh caritana.

7. Saréat panarimana, // 9
Alloh téh nya éta rayi,
Muhammad éta abdina,
ceuk tarékat Alloh dati,
Muhammad éta sifati,
ceuk hak mah Muhammad wujud,
enya éta sifatulloh,
ceuk ma’rifat mah geus yakin,
henteu lian nu wujud anging Pangéran.

8. Anu matak opat tunggal,
teu beunang pisan dipilih,
lamun milih éta salah,
ceuk Jawa mah ora olih,
geura mangga baé pikir,

pokna sifat dua puluh,
ceuk sama sareng samiun,
besar basiran ningali,
sifat alam nya éta mutakaliman.

9. Ngareungeu nu ngareungeuna,
ningali anu ningali,
ngandika anu ngandika,
tah éta terang téh teuing,
lamun urang teu ngarti,
jalma medem liwat langkung,
sakitu éta terangna,
liwat ti ieu moal manggih,
lian ieu néangan hamo mendakan.

10. Nepi kabongkok néangan,
éta hamo pisan manggih,
sabab susah néangannana,
éta téh néangan Gusti,
sabab susah manggih bukti,
tatapi wajibul wujud,
demi Alloh rasulullah,
tah éta sumpah téh yakin,
mangga manah éta sumpah téh hartina.

11. Geura lamun geus kamanah,
gumujeng meni ngagikgik,
sabab basana karasa,
ditéték kabéh ka titik,
ngan poma sing ati-ati,
béréskeun baé ku kalbu,
jeung aya tilu babasan,
poma-poma sing kaharti,
nista maja utama nu katiluna.

12. Basa nis éta teu aya,
basa taya tana diri,
basa jawujudna jasad,
utama lengkepna diri,
sajatina basa nis,
teu aya acan wujud,
basa tawujudna jasad,
utama-utama diri,
mangga manah basa nu tilu perkara.

13. Tah éta ngaran agama,
basa garaga sajati,
basa mah nya éta asma,
nya éta ngaranna diri,
nu matak urang téh misti,
milampah agama rasul,
rasul téh nya éta rasa,
nya éta rasana diri,
basa diri nya éta salira urang.

14. Ari Alloh téh nyatana,
jumenengna éta hurip,
rupa Muhammad téh rohna,
adam rupana téh jisim,
tah éta téh manggagalih,
sahiji diitung tilu,
Alloh Muhammad Adam,
yaktosna mah ngan sahiji,
saibarat iwak lauk miwah ikan.

6. <u>Pupuh Kinanti</u>

1. Alloh taala keur nyaur,
ka malaikat ijroil, // 10

éh ijroil kami nanya,
perkara mahluk sabumi,
geus prak dicabut nyawana,
éta sadaya geus mati.

2. Malak ijroil piunjuk,
nun gusti parantos mati,
sadaya parantos hilang,
hanteu aya anu kari,
ngan kantun malak nu opat,
nya éta nu makarabin.

3. Hiji malak jabrailu,
kadua malak minkail,
israpil nu katiluna,
kaopat malak ijroil,
tah éta ngantos timbalan,
kumaha karasa Yang Widi.

4. Timbalan Gusti Yang Agung,
ayeuna malak ijroil,
geura prak cabut nyawana,
ku manéh malak ijroil,
énggal malak ijroil,
kersana ka gusti amit.

5. Malak ijroil pék nyabut,
deuk nyabut malak minkail,
jeung isropil kaduana,
katilu malak jabrail,
ti dinya pék salirana,
ijroil nyabut pribadi.

6. Tah éta matak bingung,

nyabutna malak ijroil,
lamunna enggeus baheula,
meureun taya bumi langit,
jeung sadaya mahluk sirna,
tah iraha nu sayakti.

7. Lamunna enggeus dicabut,
naha aya kénéh geuning,
bumi langit jeung eusina,
mahluk Alloh dina bumi,
naha geuning masih aya,
saupama enggeus mati.

8. Tah mangga manah sing éstu,
ulah mangmang masing yakin,
upama acan uninga,
naros ka guru nu mursid,
hartina mursid sunjaya,
basa sunjaya mangarti.

9. Naros ka guru nu lepus,
ditaros teu empas empis,
sababna hamo ka papas,
kana ilmu enggeus tapis,
enya éta enggeus awas,
ilmuna manglapis-lapis.

10. Geura pék naros ka guru,
supaya jadi kaharti,
hakékatna bab kiyamat,
poma ulah salah tampi,
kiyamah awak sapata,
kiyamah alam saparin.

11. Tapi guru nu geus ma'lum,
nya éta nu mukarabin,
nya éta malak nu opat,
sahiji malak jabrail,
kadua malak minkail,
isropil opat ijroil.

12. Tah éta malak sakitu,
éta kabéh mukarabin,
upama enggeus kiyamah,
kumaha mungguuh Yang Widi,
éta kumaha kersana,
sabab dunya mah berenti. // 11

13. Ieu ganti nu dicatur,
kocap nabi sang sinelir,
nalika anjeunNa mi'rad,
angkatna ka tujuh langit,
sareng ningali naraka,
nu disiksa ting jarerit.

14. Naraka pating arampud,
ngagolak tepi ka langit,
angkatna nabi Muhammad,
ku malaikat diiring,
anu ngiring henteu anggang,
ngiring lampah kangjeng nabi.

15. Tah éta tacan ka ma'lum,
rehing nya éta teu harti,
naha ari dina kitab,
pertéla pisan geus muni,
tapina tacan disiksa,
tacan nepi ka yaumil ahir.

16. Kakara disiksa kubur,
enggeus asup ka yamani,
naha ari dina mi'rad,
Kangjeng nabi geus ningali,
umatna anu disiksa,
di jero éta naraki.

17. Tah éta susah kalangkung,
na mana atuh nu misti,
nya percaya dina tékad,
sabab éta masing-masing,
susah iman kana kitab,
heunteu cocog pokna (…).

18. Tah mana anu digugu,
sabab kabéh saur nabi,
tah éta téangan hakna,
supaya jadi kaharti,
mun teu ngarti hamo percaya,
kana kitab nu geus muni.

19. Tah urang perlu guguru,
supaya jadi kaharti,
hakékatna bab kiamat,
kiamat alam sogirin,
kiamah alam sapata,
nya éta ngaranna hati.

20. Mati meta ropu metu,
éta poma sing kaharti,
metu meta mati mulya,
metu teu waluya diri,
suka duka dina meta,

geus mati sampurna diri.

7. Pupuh Asmarandana

1. Tina lapad nu disalin,
tafsir fatihah nu nyata,
asal basa Jawa kabéh,
digentos ku basa Sunda,
supaya beunang hasilna,
ngabirahikeun nu bingung,
nambahan netegkeun iman.

2. Tatapi masing kaharti,
da (…………) lapad,
jeung ari tetep pikir téh,
jatina mah enggeus nyata,
wujudna téh awak urang,
tangtu terang wuruk guru,
nyata waktu anggota.

3. Nya éta salat sajati,
pitutur guru nu nyata,
lampahna auliya kabéh,
tέmbong henteu kahalangan,
éta sajatiningrupa,
jatining fatihah tangtu,
nya éta anu sampurna.

4. Ulah pisan salah tampa,
éta jatining fatihah,
anu caang jeung hirup téh,
jadi pada ngaawak urang,
masing hadé ngamanahan téh,
jati fatihah tangtu,
enyana mah patékadan.

5. Bismillah anu mimiti,
Sundana éta bismillah,
jenengan datulloh yaktos,
tegesna datulloh éta,
anu ngucap nu diucap,
pangucap Muhammad tuhu,
nyatana kami nu ngucap.

6. Pangucap kawula pasti,
Pangucap Alloh enyana,
ngucap nu diucap téh,
nya Alloh éta déwékna,
nya ngucap nya nu diucap,
rohman tegesna dicatur,
sing pertéla ngamanahan.

7. Ari Sundana rohmani,
nya Muhammad murwa urang,
sarta reujeung nyatana téh,
enggeus nyata manéh éta,
nya dat sifat kami téa,
asma af'al kami tangtu,
teu béda reujeung manéhna.

8. Minangka gaganti kami,
sabab kami henteu nyata,
Muhammad kami nyata téh,
sabab aya manéh téa,
Sundana Alhamdulillah,
Muhammad jeneng datulloh,
muji pinuji déwékna.

9. Jumeneng Alloh nu muji,

nu muji Alloh anjeun-Na,
murad robilalamin téh,
Muhammad Alloh Pangéran,
sajagat sakabéh alam,
nyaho lahir batin mahluk,
nya kami anu uninga.

10. Sundana rohmanirrohim,
pangabisa kami éta,
kabisa manéh nu yaktos,
kaayaan manéh téa,
nyatana mah kami pisan,
sirna awak manéh tangtu,
enggeus nyata jadi tunggal.

11. Murad maliki yaumiddin,
nya Muhammad sategesna,
ari karaton kami téh,
kaayaan manéh téa,
tunggal reujeung manéh pisan,
kami teu jumeneng ratu,
mun teu kalawan manéhna.

12. Jumeneng kami téh misti,
jumeneng kalawan manéhna,
éta kitu jumeneng téh,
iya kana'budu Sundana,
rupa Muhammad téh urang,
panyebut manéh saistu,
jumenengna kami pisan.

13. Anu nyembah enggeus pasti,
nyatana Alloh nu nyembah,
Alloh nu nyembah déwék,

sategesna nya Anjeun-Na,
manut pada ngareujeung caang,
tah siloka sangkan gulung,
ulah géséh panarima.

14. Jeung waiya kanastain,
sategesna Muhammad nyatana,
nu jadi gedong kami téh,
anu aya di manéhna,
Muhammad kakasih téa,
nyatana manéh saéstu,
Muhammad jadi tunggal. // 13

15. Ulah kajongjonan teuing,
nu ngatos ieu wawacan,
ulah nganggit lagu baé,
teu hasil kudu di manah,
larapkeun kana salira,
geus kamanah saé tuluy,
bari nembang dangdanggula.

8. <u>Pupuh Dangdanggula</u>

1. Jeung ihdinashshirotol mustakim,
sategesna Muhammad tuduhna,
nu jadi ganti kami téh,
nyata da manéh saéstu,
kabéh nyata manéh téh kami,
geus hanteu aya bédana,
kami téh jeung manéh kitu,
Sundana sirotolladzina,
Muhammad téh nyata kami anu yakin,
manéh téh nya kami pisan.

2. Ari Sundana an'amta alaihim,

nya Muhammad margana suka,
enggeus nyata aya manéh,
enya éta nabiyu,
ari éta wali mu'min,
bijilna ti manéhna,
sabab manéh tangtu,
minangka jadi bapana,
babu eroh sakabéh sabab ku kami,
nu dijadikeun ti heula.

3. Kapan jadi panimbangan kami,
goiril magdubi alaihim,
Sundana Muhammad tegesna manéh,
lain kami enggeus tangtu,
kami lain manéhna deui,
tatapi henteu antara,
kami manéh kitu,
ari waladdolin Sundana,
héy Muhammad geus taya itungan kami,
éta téh enggeus manéhna.

4. Kami moal jumeneng pribadi,
lamun henteu kalawan manéhna,
teu jeung kanyataan kami téh,
geus aya manéh kitu,
enya éta teu aya kami,
henteu kalawan manéhna,
hamo nyata tangtu,
ayana nyata manéhna,
tunggal nyata manéhna téh reujeung kami,
teu aya pisan bédana.

5. Sundana amin Muhammad éta pasti,
rasa kami rasa manéhna,

tumbal rasa hiji kénéh,
nya rasa manéh nya rasa istu,
anu jadi timbangan kami,
nya kami nya manéhna,
tunggal kami istu,
henteu béda kanyataan,
kanyataan kami tunggal jadi hiji,
nyata téh reujeung manéhna.

6. Anu maca fatihah téh misti,
lamun ieu jatining fatihah,
éta manusa mun maot,
cariosan pitutur,
maotna leuwih patitis,
hanteu aya papadana,
ni'matna lalangkung,
éta bumi anu nampa,
enggeus pasti henteu kuat nyangga mayit,
teu kumambang mayit éta. // 14

9. Pupuh Maskumambang

1. Éta tafsir fatihah anu sajati,
hartina jatina,
kasebut teu béda deui,
Kangjeng nabi jeung umatna.

2. Pék téangan di dunya samémé mati,
téangan hirup,
taya hawa hurip pribadi,
patina héwan balaka.

3. Di batin mah mo bisa néangan ilmi,
kantun kaduhungna,
nu iman mah tanpa muni,

nu dosa tanpa doraka.

4. Sumawona geus uninga ka diri,
dirina sampurna,
kudu pisan getol bakti,
nu getol tambah utama.

5. Nyarioskeun para wali reujeung mu'min,
pada getol tapa,
néangan jatining hurip,
tegesna pasti sampurna.

6. Genti pasal niat amantubillahi,
tegesna nya éta,
angandel ka Alloh pasti,
ngandelna kumah téa.

7. Aya lapad éta tangtu meureun buni,
sing temen néangan,
jatina lapad nu tadi,
di dunya meureun ayana.

8. Wamalaikatihi éta wajib deui,
ka para malaikat,
saban poé paké ngawih,
nyatana acan kapendak.

9. Wakutubihi jeung kudu percaya deui,
saunggelna kitab,
tapi ari geus diaji,
jeung téangan sabalikna.

10. Tutulisan teu beunang di bawa mati,
ngan dipaké papayan,

dipapay tulisan diri,
kapendakna guru heula.

11. Jeung waqoddir haayrihi minallohi,
kudu sing percaya,
untung ala untung becik,
papastén Alloh ta'mallah.

12. Tah papastén dua perkara sing harti,
goréng jeung hadéna,
untung ala pageuh deui,
untung hadé nu kumaha.

13. Walyaumil ahiri mudu sing sidik,
tegesna nya éta,
ngandel kana poé nu ahir,
nya éta poé kiyamah.

14. Tapi éta kumaha percaya ati,
meureun kurang téa,
najan kiyamah geus leungit,
urang geus kiyamah heula.

15. Éta kabéh diajina beurang peuting,
euweuh hiji anu nyata,
kaburu nepi pajangji,
paéhna hamo sampurna.

16. Di dunya téh réa almi guru ngaji,
atawa pandita,
nya éta gaganti nabi,
nuluykeun agama téa.

17. Tapi masing harti anu jadi wajib,

urang téh di dunya,
nu hurip téh bakal mati, //
kusabab turunan wafat.

18. Agama téh kapendakna ti pandeuri,
nya néangan heula,
ilmu nu sampurna diri,
meureun kapendak ti awak.

19. Enya éta tegesna ilmu sajati,
tah hirupna téa,
ayana di guru jati,
masing hirup bisa hilang.

20. Taréangan guru ilmu nu sajati,
teu manggih mah sing aya,
masing asrah jiwa diri,
masing gedé pameulina.

21. Lain gedé dibeuli ku emas jeung duit,
mudu getol tirakat,
kitu pameuli nu pasti,
panganggu guru nu enya.

22. Tatapina mun hayang sampurna diri,
éta sabalikna,
migawé naraka pasti,
lara wilang dilakonan.

23. Sawarga kapendakna ti pandeuri,
nya naraka heula,
mana disebut dibalik,
méméh hilang bisa wafat.

24. Aya omongan tatapi siloka deui,
dipaké upama,
kuat tapa wani mati,
teu kacida sakaratna.

25. Rukun iman nu tadi meureun kapanggih,
sadaya kapendak,
ku sakur nu bisa mati,
sepuh anom ulah mangmang.

10. Pupuh Sinom

1. Upama enggeus kapendak,
poma sing gumati,
tah padang jatining iman,
henteu kahalangan deui,
ulah kasmaran ati,
nya éta jatining hirup,
ulah sok rasa antara,
gagal mun tara sahiji,
mudu ngaji datang ngaji satanggal.

2. Salah mun ngaji itikad,
ngaji téh mudu ngajinis,
sing béak tulisan awak,
kabéh ogé mawa tulis,
pasihan Yang Maha Sugi,
jalanna paparin guru,
poma ulah rék ditinggal,
kapan éta téh geus pasti,
mung kantun lepasan tauhid paningal.

3. Téang tauhid tanpa tunggal,
ma'rifat tanpa tingali,
syahadat tanpa pangucap,

solat tan anggota deui,
éta sampurna ning tunggal,
tétéla pasihan guru,
henteu aya kakurangan,
kacekna kurang pamanggih,
Alloh nurut sakarep-karep manusa.

4. Mun masih boga kahayang,
balik ka itikad,
da ridu temen pikiran,
haben mikir beurang peuting,
aya euweuh aya pasti,
ayana geus jadi gulung,
gulungan kumaha téa,
henteu enggon deui, // 16
nyatana mah geus tétéla nya déwékna.

5. Saupama lir tamaga,
dicampur ku emas kuning,
geus leungit ngaran tamaga,
geus lebur wujud kakasih,
leungit duanana rupa,
geus lebur jadi panyebut,
jadi suasa ngaranna,
mudu netep nya pamilih,
satemena mudu ihlas ninggal dunya.

6. Alloh téh jenengan tunggal,
nya éta Muhammad pasti,
atawa Muhammad diya,
pakumpulan kabéh rohi,
geus kumpul jadi sahiji,
tuluy genti nama hayun,
nyatana téh hirup urang,

kabéh bangsa caang pasti,
kabéh manut caang padang awak urang.

7. Lamun geus kapendak nyata,
naon nu nauhid kena deui,
geus galib gumelar caang,
teu béda lahir jeung batin,
sanajan tékadna inggil,
tapi medem poék luluh,
tangtu baé moal kapendak,
mun hareup manggih dumeling,
manggih padang caang sadaya katingal.

8. Ayeuna geus henteu béda,
nu lolong jeung nu ningali,
enggeus nyata sadayana,
nu lolong ilang pamanggih,
ti lahir tepi ka batin,
nu beunta sulumaku,
sadayana katingalan,
teu béda lahir jeung batin,
masing lantip urang téh nya ngamanahan.

9. Beunang urang guru téa,
nyata pisan enggeus pasti,
ulah nurut ceuk nu lima,
teuteupan ti guru jati,
kamana néangan deui,
ulah ngaku tacan puguh,
geus nyata ulah ditinggal,
nu salba tambah beresih,
ulah nyingkah geus padang diawak urang.

10. Hartikeun caangna damar,

matak aya caang pasti,
geus tinangtu aya damar,
caangna ku angin sabin,
damarna geus wujud kadim,
caangna teu pisah tangtu,
upama kedir jeung wayang,
tah wayang téh katingali,
dalang (…) dalangna nyukma ka wayang.

11. Aya dalang aya wayang,
sadaya enggeus maranti,
tapi teu aya dalangna,
wayangna mun katingali,
misilna téh urang deui,
urang téh napel ka hirup,
rosul téh reujeung Muhammad,
mo beunang dipisah deui,
sabab wayang hurip sotéh ku caangna.

12. Ku sabab urang geus nyata,
jalanna caang kapanggih,
jeung kalawan pituduhna,
nya éta ti guru jati, // 17
saundakna mudu nyusul,
tatapi mo liwat éta,
caangna geus jadi hurip,
damar pareum caangna taya bugangna.
……………

13. Ulah salia manahan,
tékad téh datang pandeuri,
gagal masih boga tékad,
tah fatihah masing lantip,
kapan caangna téh hurip,

ulah ngaku tacan puguh,
sabab bisi kaliwatan,
guru téh ngalindih gusti,
masing regep ngajagana anu caang.

14. Nu regep taya batalna,
nurut sakersana gusti,
sampurnakeun ti ayeuna,
papaykeun asal tatali,
sabab asalna sahiji,
ari geus ngahiji tangtu,
yén meureun luhur sorangan,
ku sabab kurangna tadi,
lamun regep kurungan moal katingal.

15. Misil kana caang bulan,
padang satangkubing lait,
caangna minangka urang,
bulan kahibaran gusti,
pék pikiran bulak-balik,
caangna nurutkeun tangtu,
éta salampahing bulan,
caangna téh milu hurip,
bulan téa hurip sotéh ku caangna.

16. Saupama éta urang,
dianggo wayang ku gusti,
mudu hadep ka nu kersa,
nu kitu sampurna hurip,
geus jadi diri sajati,
ku gusti luhur miluhur,
tah tékad anu sampurna,
caang mo bisa kari,
bulan surup caangna balik ka asal.

17. Éta enggeus terang pisan,
nu hirup nyaho ka hurip,
lamun geus nyaho huripna,
arék sakumaha deui,
kantunna ngalingling diri,
bet diri téh jadi kitu,
bungangang éta manahna,
liwat seuri jadi ceurik,
tutungna téh ngimutan diri sorangan.

18. Guru nyata urang nyata,
teu aya bédana deui,
taya luhur taya handap,
kabéh geus jadi sahiji,
geus teu boga pikir deui,
jadi gulung jadi mahnun,
reujeung batur embung pisah,
rasa jadi laki riba,
kaliwatan ngaji dibéakkeun pisan.

19. Bawa rasa geus meujeuhna,
tapi haben hayang deui,
nya éta jadi paingan,
napsu téh nyontoan ilmi,
beuteung pinuh hayang deui,
ibarat urang téh ilmu,
ayeuna mah geus karasa,
ajian dibulak-balik,
tapi masih ka (…) teu pisan béak.

20. Ayeuna geus putus pisan,
tuludan séép katulis,
ayeuna diganti pasal,

pitutur leuwih ti misti, // 18
tapi kudu sing kaharti,
cacah ménak anom sepuh,
kana ieu cariosan,
sugan laun-laun harti,
dibukakeun kana jalan marga padang.

11. Pupuh Kinanti

1. Kangjeng nabi geus ngadawuh,
   ieu kanyahokeun misti,
   anu jenengan saréat,
   tarékat hakékat deui,
   reujeung jenengan ma'rifat,
   éta tunggal jadi hiji.

2. Lamun pisah henteu kumpul,
   balad saréat teu jadi,
   lamun henteu jeung tarékat,
   saréat henteu ngajadi,
   lamun teu nganggo hakékat,
   tarékat henteu ngajadi.

3. Hakékat téh mudu weruh,
   mun teu weruh batal pasti,
   hakékatna sasauran,
   wujudna henteu kapanggih,
   teu tulatén ka rahayat,
   saur upamana abdi.

4. Anu matak mudu weru,
   mun teu weruh batal pasti,
   mudu saréat tarékat,
   hakékat ma'rifat deui,
   qur'an fatihah bismillah,

nepi ka alif mun wahid.

5. Geus bener anu sakitu,
tegesna teges beresih,
nya éta jalan hakékat,
jalan ngawujudkeun gusti,
lamun lain jalan éta,
susur sasar ka basisir.

6. Nyawa téh tacan sumuhun,
diasupan ku nu rujit,
raga paséa jeung nyawa,
tina jalan salah tampi,
qur'an bismillah fatihah,
alif jalanna hakiki.

7. Nya éta goibul wujud,
ulah diri wujud gusti,
leburkeun raraga badag,
ulah nganggo aing gusti,
sanajan Alloh-Allohan,
tacan bener jalan sidik.

8. Geus tangtu éta kapahung,
tangtu jadi raja iblis,
disebut ku dalil qur'an,
kapada ratu pujari,
kufur doraka ti Alloh,
nu mangangkeun aing gusti.

9. Taya deui anu agung,
ngan Alloh nu Maha suci,
hanteu tilu hanteu dua,
ulama (…) sajati,

nu ngadamel bumi alam,
katut sakabéhna gusti.

10. Syéh alim lajeng ngawuruk,
ka syéh da ka nu berilmi,
agus déngékeun kang rama,
jalanna ilmu nu sajati,
mudu tina qur'an heula,
qur'an kersana Yang Widi.

11. Piagemna Kangjeng rosul,
nyaho ka kersa Yang Widi,
ti dinya katerangannana,
nu matak datang sidik,
bumi langit alam dunya,
sareng sakabéhna eusi. // 19

12. Ngadé ka kersa Yang Agung,
pisama'i yawalardid,
pilaili walnaharo,
jeung walsamsi walakmari,
walun juuma wajibala,
kanafil labri wal bahri.

13. Sigana kersa Yang Agung,
sato héwan kersa Widi,
jeung sakabéh cucukulan,
anu kumelit di bumi,
éta kabéh dinyawaan,
sing hadé tatakrama.

14. Upama nu jadi ratu,
geus tangtu nyaah ka abdi,
rahayatna kudu disanak,

najan déog séngkol miskin,
sumawona anu jagjag,
tangtu kumpul ka bopati.

15. Hadé tatakrama kudu,
tah jalanna qur'an nul adim,
sanggeus jol na tina qur'an,
jalanna kana pati mati,
tah adeg gusti Muhammad,
tunggal kersana Yang Widi.

16. Surupkeun kana alhamdu,
basa hadé tatakrama,
gampang nyabut wujud tunggal,
pikir heula sing kaharti,
éta jalan pamuruan,
mudu kana bismillah.

17. Teges balik ka alifu,
nu bisa ngalebur diri,
sanggeusna balik ka dinya,
managgung ngalebur diri,
tah ngaran nincak hambalan,
hadéna enggeus beresih.

18. Pék agus geura melebu,
lamun tina geus kaharti,
syéh daka pék kawalonan,
rama abdi tacan harti,
meuleubet ka nu duaan,
sim abdi nyuhunkeun harti.

19. Syéh alim lajeng sumaur,
kutan agus tacan harti,

kapan rama geus wewekas,
salang surup asup bijil,
pungkur tah masih rumingkang,
tacan kaharti ku ati.

20. Syéh alim lajeng miwuruk,
kaputar-putar anu berbudi,
ajang masing awas pisan,
reungeukeun masing kaharti,
ari jalan nu mangpaat,
ka diri awak pribadi.

21. Surupkeun kana alhamdu,
éta agus kudu harti,
surupkeun masing waspada,
alhamdu surupkeun deui,
surupkeun kana bismillah,
bismillah surupkeun deui.

22. Kana alif goib tangtu,
nya éta kudu kaharti,
tah kitu adab-adaban,
ku agus kudu dipikir,
masing datang ka enyana,
supaya salamet diri.

12. <u>Pupuh Pangkur</u>

1. Syéh alim lajeng ngandika,
ka putrana reungeukeun masing kaharti,
ari jalan nu berilmu,
anu mangpaat ka awak,
tina qur'an surupkeun kana alhamdu, // 20
surupkeun masing waspada,
alhamdu surupkeun deui.

2. Surupkeun kana bismillah,
enya éta bismillah surupkeun deui,
ka alif goib tangtu,
tah kitu abad-abadan,
anu jeneng lamun geus timu sakitu,
enggeus ajeg jeneng adam,
tegesna islam sajati.

3. Nu ngaran tatakrama,
enya éta ngalainkeun kanu lain,
ngaenyakeun nu saistu,
mandaka seug ngawalonan,
kaulanaun piwejang ama sakitu,
dicangcang sapu caking rema,
ditungkus sajeroning ati.

4. Kaulanun kangjeng rama,
pangwejang kang rama enggeus kaharti,
kumaha nu jeneng ratu,
atawa nu jadi raja,
mangga rama abdi wuruk nu saistu,
syéh alim lajeng ngandika,
syukur agus geus kaharti.

5. Geus hadé tatakrama,
raga agus ditarima ku Yang Widi,
tangtu pisan meunang asup,
raga badag teu paséa,
enggeus titis patitis lamun,
geus kitu nyawa daék ka asupan,
karana enggeus beresih.

6. Éta geus jeneng juragan,

lebur raga badag téh enggeus leungit,
rahayat kabéh geus sujud,
henteu aya nu kaliwat,
ti jauhna ti deukeutna enggeus kumpul,
tegeskeun jadi juragan,
juragan asih ka abdi.

7. Abdi asih ka juragan,
éta agus kitu anu jadi gusti,
syéh daka lajeng ngadawuh,
kaulanun kangjeng rama,
geus katampi piwulang rama sakitu,
nyusul hatur deui putra,
kumarasa jadi gusti.

8. Syéh alim lajeng ngandika,
syukur bagja putra ama nu berbudi,
ari anu jadi ratu,
geus taya pisan ka susah,
agus diuk tatapi agus teu lungguh,
éta agus anu angkat,
tapi agus cicing-cicing.

9. Juragan nu musik molah,
enya éta tegesna ilmu sajati,
tegesna jatina kitu,
karana enggeus waspada,
di rahayat anu geus kocap di pungkur,
lapad ma’na enggeus béak,
geus ringkes jadi sahiji.

10. Agus téh bisi kasasar,
lamun lain tina jalan mudu harti,
pati sih agus ka gunung,

reungeukeun piwuruk ama,
nu mangangkeun aing Alloh anu luhur,
tangtu jadi raja sétan,
tangtu balik dua kali. // 21

11. Regepkeun papatah ama,
papacuan ngaji hak lamun teu silik,
sembahyang baé sing suhud,
mun suhud sambahyang sah,
yén kapanggih nya éta jalan alhamdu,
qur'an geus jadi fatihah,
tuluy kana bismillah.

12. Nya jalan kudu ka dinya,
eta agus bismillah kudu kaharti,
tingkah polahna geus suwung,
jumenengna maha mulya,
mudu kitu agus téh bisi kasarung,
ari sifat kalidasa,
teu kenging dianggo margi.

13. Ngan agus mudu uninga,
persambungan sifat dua puluh pasti,
ti rama sareng ti ibu,
jeung persambung ti pangéran,
bagi opat éta anu dua puluh,
sawiyah eujeung nafsiyah,
mawani manawiyah.

14. Bagikeun deui nu opat,
enya éta anu jadi tingali,
(…) ngaranna geus kumpul,
nya éta istigna,
jadi lapad illaha ilallohu,

éta mah kantenan mulya,
diri badag masih kari.

15. Ningali di jero kurungan,
nu ditingal kantenan mulya pribadi,
bari ngawujudkeun guru,
éta dihareupeun urang,
tatkalana tungkul bari maké sugul,
nama dikir akmaliyah,
jalan satariyah sami.

16. Raga agus téh diluar,
nyaah temen tangtu dihakanan cacing,
qur'an fatihah nu punjul,
agus téh mudu ka dinya,
jalan balik bismillah kudu ka urut,
akar tangkal dahan buah,
ragarag pucuk taya nu kari.

17. Jumeneng ratu geus nyata,
raga agus jauh deukeut ngeunah cicing,
(…….) lir surya muru,
rangkeun dua (……),
cahayana taya dua taya tilu,
alang sasi gilang gumilang,
leuwih tina kilat tat tit. // 22

13. <u>Pupuh Sinom</u>

1. Syéh daka lajeng ngandika,
kaulanun rama gusti,
piwejang rama kateda,
Alhamdulillahilladi,
walal akromubillah,
mulya abdi mulya ratu,

inaAlloh taalah,
alal kuli syai'in qodir,
wallohu tabaroka wata'alah.

2. Yuridu anyukrimurda,
min waladin adami,
anla wajalalloha,
ditarima lahir batin,
wejang ama ka sim abdi,
sumuhun sapucuk rambut,
dicangcang lebeting manah,
wejang ama ku sim abdi,
geus teu samar pageuh batan bumi alam.

14. <u>Pupuh Asmarandana</u>

1. Mana réa jalma,
leuwih ti jalma nu réa,
bisa nyegah napsuna téh,
nyegah saré reujeung dahar,
ngawarah awak sorangan,
lila-lila ku Yang Agung,
disidikkeun paningalna.

2. Reungeukeun ku agus deui,
carita anu utama,
nu dirahmat ku Yang Manon,
jalan tina lampah mulya,
nabi wali sadayana,
mana darajatna luhur,
tegesna kakasih Alloh.

3. Lampahna tingali nyaring,
ti beurang teu pati dahar,
ngarep-ngarep sih Yang Manon,

bawaning ku pageuh tékad,
banget nedana ka Alloh,
najan anak ahli naggung,
nyusulan wali auliya.

4. Karana tékadna inggil,
henteu aya sulayana,
pageuh ngésto ka Yang Manon,
sareng ka nabi Muhammad,
narimakeun yén umatna,
beurang peuting nu diistu,
Alloh Muhammad lan adam.

5. Sing nyaho jatining hurip,
reujeung sajatining islam,
mungguh lalaki awéwé,
kudu pada aruninga,
mun narima umat Muhammad,
reujeung sajatining rosul,
téangan dina salira.

6. Sajatining adam (……)
éta kudu aruninga,
geuwat kahkar dina haté,
sasaran masing karampa,
geus karampa tuluy cangcang,
bisi tuluy kabur jauh,
leupas ti jero kandangna.

7. Mun leupas hanjakal teuing,
kamana néangannana,
utag atog henteu nyaho,
tuluyna saparan-paran,
téh éta kudu dimanah,

sajati bismillah tubuh,
reujueng sajati fatihah.

8. Éta agus masing gumati,
sakitu piwuruk ama,
ka lalaki ka awéwé,
mun hayang salamet badan, // 23
di dunya rohu aherat,
piwuruk ama jeung putus,
ngan sakitu nya pamendak.

9. Sareng muga kadang wargi,
ka sadaya nu kersa,
maca kana ieu layang,
lampahna alim daka téh,
abdi neda nya hampura,
nu nulis awon aksara,
kulan jisim kuring nu diajar,
nulis di cijengkol,
sareng ieu carita disambung,
babad Sumedang sinom.

15. Pupuh Sinom

1. Ieu carita dikarang,
dianggit dijieun dangding,
carita tanah Sumedang,
jaman baheula bihari,
tapi éstu saperti,
tutur anu tanpa dapur,
ngan urutkeun caritana,
kolot-kolot nu bihari,
anu asli bibit buitna Sumedang.

2. Turun manurun carita,

anu tepi ka kiwari,
méh sarupa caritana,
kolot-kolot ménak kuring,
anu jadi bibit buit,
kasebut nagara galuh,
kaganti ku pajajaran,
sanga parubi siliwangi,
nu kasebut mencarkeun satanah Jawa.

3. Ratu-ratu sunan-sunan,
nu jadi pangagung nagri,
sesebutan nu baheula,
cara ayeuna bupati,
ngaran pangagung nagri,
ratu atawana perbu,
ari ayeuna nu kocap,
tedak perbu siliwangi,
tina wates sanga perbu linggahiang.

4. Jadi ratu di Sumedang,
bibit tedak siliwangi,
dikebatkeun caritana,
jadi ratu nu diganti,
ku putra anu kakasih,
sanga perbu linggawastu,
gancangna kacarita,
putrana ngan hiji istri,
jeung panungtung ratu nu agama budha.

5. Kota Sumedang harita,
kiduleun gunung kacapi,
disebutna kutamaya,
sakaléreun palasari,
nyandi ngan walungan cai,

sisina beulah ti kidul,
lahanna lempar pisan,
awas ningal sakuriling,
ngan tilu pal ti kota anu ayeuna.

6. Sisi walungan cisugan,
tepi ka jaman kiwari,
nelah lembur kutamaya,
ayeuna nu jadi bukti,
tanda aya urut nagri,
aya na téh rada luhur,
ngembat sarupa jeung kuta,
jiga pasir ngan masagi,
ayeuna mah geus dirombak jadi sawah.

7. Ayeuna ganti carita,
ratu di nu séjén nagri,
di Cirebon nagarana,
kangjeng sunan Gunung Jati,
kasebutna ratu wali,
tedak kangjeng nabi rosul,
harita éta sajaman,
pada mangku ngéréh nagri,
di Cirebon sareng di negri Sumedang.

8. Ayeuna ratu anu dua, // 24
mimitina kulet dalit,
tatapi misah agama,
budha jeung agama muslim,
sinuhun Gunung Jati,
teu pisan kersa ngaganggu,
maksa ngasupkeun islam,
tapi tetep silih asih,
kacaturkeun lila-lila bébésanan.

9. Putrana ratu Sumedang,
nya éta ngan hiji istri,
ditikahkeun ka putuna,
kangjeng Sunan Gunung Jati,
maolana magribi,
atawa nu sok disebut,
pangéran pamalé karna,
saéstuna kudu sarif,
nya éta téh putra pangéran Pacunan.

10. Ari pangéran Pacunan,
putra Sunan Gunung Jati,
énggalna kangungan putra,
pameget kasép jeung segut,
siga enggeus mawa ciri,
ahir jadi pangagungna,
kocapna ratu Sumedang,
kalangkung nya suka galih,
réh kagungan putra pameget utama.

11. Énggal lajeng ngadeuheusan,
ka sinuhun Gunung Jati,
pihatur ratu Sumedang,
ka sinuhun Gunung Jati,
lajeng barina melas melis,
sim kuring agung panuhun,
éta pun incu téa,
manawi paidin gusti,
disuhunkeun rék diingu di Sumedang.

12. Teu gaduh deui anak,
jabi awéwé mung hiji,
ku sinuhun geus kamanah,

pijadieun awal ahir,
wantuning bangsa wali,
ngawalonan sinuhun,
teu aya pisan halangan,
wantuning sarua wajib,
tapi éta bapana téh jalma islam.

13. Agama nurut ka bapa,
muda jadi islam deui,
pihatur ratu Sumedang,
ku sim kuring geus kapikir,
sinarengna jisim kuring,
nurutkeun riwayat sepuh,
pitutur anu baheula,
disebutkeun jisim kurig,
panungtungan jadi ratu di Sumedang.

14. Nu agama-agama budha,
mangké geus tangtu diganti,
nya éta ku incu téa,
éta téh anu mimiti,
ganti nyembah ka Yang Widi,
ku agama nabi rosul,
sareng tedak tumedak,
dugi kana jaman ahir,
sirna budha kaganti ku agama islam.

15. Ketakeun ieu carita,
perbu lingga waktu tadi,
lambat lambut jumenengna,
ahirna mangké diganti,
ku putar-putar anu tadi,
anu kasebut diluhur,
ngéréh nagri Sumedang,

ratu agama muslimin,
awit ngeéréh eusi nagri bangsa budha.

16. Tatapina lila-lila,
saréhna ratu muslimin,
pangeusi nagri Sumedang,
anu jaradi muslimin,
teu kacatur éta deui,
sababna pada aranut,
pantes geus nurut riwayat,
kacaturkeun deui tadi,
di Sumedang saeusining manjing islam.

17. Sanggeus lila jumenengna,
ratu Sumedang muslimin,
ayeuna ganti anu kocap,
raja geus bangsa muslimin,
tékadna Majapait,
jenengannana sinuhun,
ngaratonan di Mataram,
panembahan senapati, // 25
hingalaga mangkurat buana.

18. Nu ngréréh satanah Jawa,
kabéh jaradi muslimin,
ngan kari tanah Pasundan,
ratuna ngéréh pribadi,
dina hiji-hiji nagri,
gancangna nu mangun catur,
saantéro Pasundan,
digulungkeun jadi hiji,
kabéh sujud ka sinuhun di Mataram.

19. Henteu kacatur waktuna,

panembahan senapati,
ngéréhna tanah Pasundan,
margana nya kitu deui,
naha kalawan jurit,
harti perang ngadu pupuh,
saantero tanah Jawa,
sumujud ka senapati,
gancangna mah geus kawengku ku Mataram.

20. Sanggeus nyaho Mataram,
nu pangkat ratu satadi,
kabéh diganti ngaranna,
kudu disebut bupati,
saban-sabanna bupati,
kabéh diganjar jujuluk,
jeung bupati di Sumedang,
jaman harita mimiti,
jujuluk Pangeran Kusumah dinata.

21. Terus turun tumurun,
sakur nu jadi bupati,
nya kitu jenengannana,
tepi ka ayeuna adat,
sadayana eusi nagri,
lumbrahna sok digantina,
lamun bupati geus pupus,
jeung mangké anu ngaganti,
ieu ogé pangéran Kusumah dinata.

22. Dina saenggeus wafatna,
disebut pangéran santir,
nelah nepi ka ayeuna,
kasebut ngaran makamna,
dalah tepi ka kiwari,

lamun reugeuna geus pupus,
salin disarebutna,
lain keur jumeneng tadi,
karéana disebut makamna.

16. <u>Pupuh Asmarandana</u>

1. Sasurud pangéran Santir,
   tuluy di ganti ke putar,
   terus jenengannana téh,
   Pangéran Kusumah dinata,
   tatapi disarebutna,
   jeung pangéran Geusan Ulun,
   réa pisan caritana.

2. Sanggeus jumeneng bupati,
   Geusan Ulun téh garwana,
   nu kasebut wargi ogé,
   istuna urang Sumedang,
   ngan tedakna Pajajaran,
   nami Nyimas Gedang Waru,
   putri nu ahli tatapa.

3. Anu disarebut wali,
   Sunan Pada disebutna,
   dina jaman harita téh,
   mashur gedeng karamatna,
   nu cara di tanah Jawa,
   réa ulama nu mashur,
   nu sarupa Sunan Pada.

4. Laku nu jadi bupati,
   sanggeus ka bawah Mataram,
   saban taun kudu caos,
   ngadeuheusan ka Mataram,

geus jadi kawajiban,
lalakon sakitu jauh,
komo susah perjalanan.

5. Tatapi henteu dipikir, // 26
wantu kawajiban téa,
dina saban taun caos,
diiring ku wajabalad,
mawa gagaman perang,
réana tepi ka ratus,
kumaha geder nagrina.

6. Upacara jeung pangiring,
anu marawa ampilan,
nu disebut kaparabon,
Geusan Ulun kacarita,
kagungan kapetengan,
pamanggul Ki Sayang Hawu,
kaduana kinangganan.

7. Anu katilina deui,
disebut Ki Kondang Hapa,
nu kaopat térong péot,
éta opak kapetengan,
mungguuh nu ayeuna upas,
beurang peuting tara jauh,
disaréngkak dicacandak.

8. Ngan Sayang Hawu pribadi,
ngaranna Jaya Perkasa,
ari baturan nu séjén,
henteu disebut ngaranna,
tapi geus tangtuna aya,
tatapi henteu kacatur,

yén aya deui ngaranna.

9. Aya anu kocap deui,
jeung pangéran Girilaya,
bupatina di Cirebon,
pernah sadérék misan,
réhna tunggul tetedakna,
jeung Pangéran Geusan Ulun,
loma wantu sadérékna.

10. Pada tedak Gunung Jati,
ari Pangéran Girilaya,
geus lami jumenengna téh,
malah ka asih ku sunan,
datang ka enggeus diganjar,
ku putri anu disebut,
Ratu Emas Harisbaya.

11. Éta istu yang saputri,
putra ngeran kataruna,
……………………..
tangtu enggeus kamanah,
……………………..
réh tedak kangjeng sinuhun,
Gunung Jati waliyullah.

12. Malah ari radén putri,
Radén Emas Pancawarna,
geus numutkeun ka Cirebon,
ngabéla ankara kana,
ayeuna nu kacarita,
jeung Pangeran Geusan Ulun,
geus sugema jumenengna.

13. Réh kasebut aya wali,
jadi paguron tarékat,
Geusan Ulun lajeng baé,
jengkar ka nagara Demak,
ditengahna perjanan,
dumadak gok baé tepung,
jeung Pangéran Girilaya.

14. Langkung sami suka galih,
teu kamanah ti tadina,
baris tepung jeung sadérék,
Girilaya pék mariksa,
rayi téh badé kamana,
pihaturna Geusan Ulun,
seja jarah ka Demak.

15. Sadalah raka pribadi,
ayeuna malah ti Demak,
nya kitu nu dimaksud téh,
nepangan paguron téa,
istuna utama pisan,
baris ngahususkeun élmu,
karaos sugema pisan.

16. Sambung pamuji kang rayi,
sakersa puji laksana,
sareng wewekas kakang téh,
samulih rayi ti Demak,
méga sindang ka si kakang, // 27
di Cirebon urang ngumpul,
sareng kadang kulawarga.

17. (…) geus maksud ti tatadi,
Geusan Ulun pangwalonan,

rék dumeuheus ka Cirebon,
ayeuna aya timbalan,
digetakeun caritana,
Girilaya Geusan Ulun,
lajeng baé séwang-séwang.

18. Girilaya lajeng mulih,
Geusan Ulun terus ka Demak,
kocapkeun énggalna baé,
Geusan Ulun di Demakna,
henteu panjang caritana,
ngaji rahu enggeus cukup,
sakersana geus laksana.

19. Geusan Ulun enggeus mulih,
teu kacatur dijalanna,
enggeus sumping ka Cirebon,
dipapag ku Girilaya,
dina gok baé patepang,
duanana sami munjung,
jeng dihaturanan lenggah.

20. Geus lami pada caralik,
kalangkung suka manahna,
patepang pada sadérék,
dasar beunang ngajangjian,
Pangeran Girilaya,
lajeng ngagentraan nyaur,
riya ratu Harisbaya.

21. Énggalna téh geus jol sumping,
Ratu Emas Harisbaya,
pilahirna raka na téh,
réh urang carang patepang,

jeung bopati ti Sumedang,
manéhna kakara tepung,
ieu téh sadérék misan.

22. Tenggal tedak Gunung Jati,
manéh ulah asa-asa,
nya ngaboja ka rama téh,
réh urang carang patepang,
Ratu Emas Harisbaya,
tungkul jeung pasemon imut,
sanggeus pada silitingal.

23. Banget kapincut nya galih,
ti beurang gok gé patepang,
kakara ningal nu kasép,
sarta mancur cahayana,
Ratu Emas Harisbaya,
banget pisan ngalilibur,
ulah katawing gagiwang.

24. Geus sami rék caralik,
adat pangboja karmana,
ti dinya Geusan Ulun téh,
diperenahkeun kulemna,
ku Pangéran Girilaya,
dikulemkeun dina tajug,
anu parek kabumina.

25. Pangéran Girilaya tadi,
sanget ngolah agamana,
sabawah nagri Cirebon,
ragem ngolahna agama,
panganggeuna Girilaya,
sok mindeng nyauran kumpul,

Ki Nyai para ulama.

26. Ngahususkeun élmu dahkik,
di waktu jaman harita,
luluguna di Cirebon,
nu agem ngolah agama,
réhna loba urang Arab,
ayeuna gancang kacatur,
saur Pangéran Girilaya.

27. Ka sadaya para alim,
supaya sakabéh terang,
kawula keur bungah haté,
enggeus tangtu ka rujukan,
yén kawula ayeuna,
ieu kasémahan dulur,
bopatina ti Sumedang.

17. <u>Pupuh Kinanti</u>

1. Ti dinya pada marunjung,
para alim siligenti,
Geusan Ulun suka manah,
ningal kumpul para alim,
ku Pangéran Girilaya,
ditujulkeun hiji-hiji.

2. Anu anom anu sepuh,
dijenengan para alim,
Geusan Ulun suka manah, // 28
lajeng nganggo para alim,
pilahirna ka sadaya,
nuhun jeung andum pamuji.

3. Ramé muslim unjuk nuhun,

pihaturna para alim,
jeung teu pegat malencrongna,
aromongna para alim,
ieu bupati Sumedang,
éstu jalma luhur singgih.

4. Eukeur mah pangagung luhur,
nya kasép nya hadé budi,
lain jalma samanéa,
pantes karamatna leuwih,
saur Pangéran Girilaya,
paménta akang ka adi.

5. Mun tong waka gura giru,
nya kersa mulih ka bumi,
di dieu ngeureunan palé,
mulih angkat ti nu tebih,
ti dieu kana gigir Demak,
lalakon welasan peuting.

6. Pihaturna Geusan Ulun,
sadaya-daya kairing,
kocap Ratu Harisbaya,
saban poé saban peuting,
tambah-tamnah kagiunganna,
méh teu bisa mengkek galih.

7. Tampolana hayang gapruk,
ngerewes muaskeun ati,
sakuat-kuat ditahan,
kacarita hiji peuting,
Geusan Ulun enggeus tibra,
Kulemna di masjid tadi.

8. Pamajikan nu kacatur,
Girilaya jeung Nyi Putri,
tapi nu tiba kulemna,
ngan Girilaya pribadi,
ari Ratu Harisbaya,
nyileuk teu pegat ka éling.

9. Geus teu tahan nahan napsu,
tuluy gugah terus indit,
ninggalkeun raka nu tibra,
kaluar ti jero bumi,
rérépéhan …………….
ngajugjug golodog masjid.

10. Pakuleman Geusan Ulun,
pantona nutup di konci,
tuluy baé diketrokan,
suganna aya nu nyaring,
tina hantem diketrokan,
Ki Sayang Hawu ngalahir.

11. Kacaturkeun Sayang Hawu,
hudang tuluy muka konci,
dibuka tuluy kaluar,
digolodog geus papanggih,
Geusan Ulun Harisbaya,
pihaturna mangga gusti.

12. Tidinya tuluy arasup,
Geusan Ulun geus ngalahir,
tuluy gugah gok patepung,
henteu antaparah deui,
Geusan Ulun Harisbaya,
silirangkul jadi hiji.

13. Sarupa puyuh keur tarung,
duanana pada nangis,
bawaning kaliwat suka,
manahna pameget istri,
teu nyana gancang laksana,
beunang mikir beurang peuting.

14. Kacatur Ki Sayang Hawu,
kacida atina ketir,
hookeun ningal gustina,
pikirna banget nya watir,
Ki Sayang Hawu unjukan,
aduh deudeuh teuing gusti.

15. Tanpa guna sedih kalbu,
ayeuna pihatur abdi,
langkung saé urang jengkar,
urang mulih sapeupeuting,
montong rék sumelang manah,
jamakna tanda lalaki.

16. (…) na aya nu nyusul,
montong rék sumelang galih,
abdi enggeus ihlas pisan,
pecah dada mucrat getih,
ku Geusan Ulun kamanah,
ajang nyaur ka Nyi putri.

17. Ku eulis tangtu kadangu,
bieu pihaturna aki,
mun éstu sapuk jeung manah,
hayu atuh urang indit, // 29
pihaturna Harisbaya,

sumerah raga jeung pati.

18. Kajeun lebur bubuk ajur,
lamun katampi ku gusti,
kebatna ieu carita,
kapisutri jero masjid,
pada angkat rérépéhan,
dina wanci tengah peuting.

19. Kacaturkeun Sayang Hawu,
bari ngagandong Nyi putri,
ari gandek nu tiluan,
dipengkeureunana ngiring,
kébat kaluar ti kota,
Geusan Ulun jeung Nyi Putri.

20. Ayeuna anu kacatur,
Girilaya jero bumi,
barang ngalilir kulemna,
ngarampa rayi Nyi putri,
teu aya gédébgeunana,
Girilaya hameng galih.

21. Lajeng Girilaya nyaur,
saurna kamana eulis,
naha mana waka hudang,
kapan ieu masih peuting,
lila digentraannana,
lajeng nyaur eusi bumi.

22. Ger daratang nu disaur.
dawuhna mana Nyi putri,
geta anu dipariksa,
réh pada kakara nyaring,

ku Girilaya kamanah,
gerwana tangtu ngaleungit.

23. Ti dinya tuluy pahibut,
gujrud jalma pada nyaring,
gujrud (…) kahuruan,
karagét leungiteun putri,
pating salebruk dipapay,
najan masih poék peuting.

24. Gancangna tepi ka isuk,
saurang taya nu cicing,
tepi kabar beurang pisan,
tacan aya nu mikir,
yén putri dibawa minggat,
kabéh deudeupeun teu hari.

25. Beuki tambah tingsalebrung,
katambah balad perjurit,
pada sadia dangdanan,
sabab pada geus kapikir,
moal salah teu karuhan,
Nyi putri tangtu dipaling.

26. Komo nu asup ka tajug,
geus tuluy baé kapikir,
yén sémahna geus teu aya,
mo gagal éta nu malimg,
ku sémah urang Sumedang,
tangtu hamo salah deui.

18. <u>Pupuh pangkur</u>

1. Saur Pangéran Girilaya,
ka sakabéh wadiya balad perjurit,

ku maranéh kudu susul,
sémah urang Sumedang,
mun kasusul éta téh si Geusan Ulun,
manusa kurang tarima,
kangaran pangkat bupati.

2. Gancangna nu diparéntah,
kapetengan saukur para perjurit,
ting salebrung ngulon gidul,
réh aya dua jalan,
saharita ka kulon reujeung ka kidul,
ti Cirebon ka Sumedang,
tur jalanna kabéh rumpil.

3. Kacaturkeun anu minggat,
ka Sumedang Geusan Ulun jeung Nyi putri,
jongjon lakuna geus jauh,
ninggang wates Sumedang, // 30
kacaturkeun awasna Ki Sayang Hawu,
manéhna ningal katukang,
rasana geus rék katepi.

4. Nu nyarusul pirang-pirang,
Sayang Hawu taya pisan nu gimir,
pihatur ka Geusan Ulun,
gusti sumangga tingali,
itu jalma pirang-pirang tangtu nu nyusul,
tapi montong seber manah,
lamun masih hirup aki.

5. Anggur lajeng kebat angkat,
malah ogé kaleng rayi Nyi putri,
abdi mah di dieu kantun,
badé ngadagoan Jawa nu nyarusul,

najan puluh najan ratus,
teu gimir bulu salambar,
geus téga labuh pati.

6. Ki Sayang Hawu opatan,
jeung baturna caricing taki-taki,
kacatur anu nyarusul,
geus jol pada daratang,
nu nyarusul patepung jeung Sayang Hawu,
henteu panjang silitanya,
geus prak baé tarung jurit.

7. Sarupa banténg bayangan,
Sayang Hawu jeung opat batur tadi,
galak ngamukna ka musuh,
unggul pisan jayana,
tingjaloprak musuhna anu rarubuh,
tingjolopong patulayah,
Sayang hawu mandi getih.

8. Kakepratan ku musuhna,
tina gulet ngadu pedang jeung keris,
Sayang Hawu kotak weduk,
teu terak ku pekarang,
nu nyusul sakarina nu rarubuh,
pada mabur lalumpatan,
taya kari dahiji.

9. Ki Sayang Hawu opatan,
jeung baturna di dinya nagen cicing,
réh musuhna kabéh mabur,
ayeuna kacarita,
nu keur angkat Nyi putri jeung Geusan Ulun,
kacatur di jalanna,

ka Sumedang eggeus sumping.

10. Nya éta ka kutamaya,
pada hébat sakabéh abdi,
pada maruru ngarubung,
saréh lami angkatna,
kagét héran cacatur jeung pada batur,
ngiring atoh gusti urang,
mulihna ngaboyong putri.

11. Pada hayang narongtonan,
réh kakara aya di dinya putri,
kacaturkeun Geusan Ulun,
banget sumelang manah,
réh sawadi Harisbaya geus miunjuk,
enggeus ngadeg dua bulan,
ngan kantun sumelang ati.

12. Kitu hatur Harisbaya,
tayoh ulah raka sumelang galih,
tatapina Geusan Ulun,
banget sumelang manah,
réh geus angkat nyacat nu sakitu jauh,
ti Cirebon ka Sumedang,
tur angkatna beurang peuting.

13. Ratu Emas Harisbaya,
sasumpingna kalangkung hégar galih, // 31
hébat ningal gunung,
leuweung mah sumawona,
geus kalangkung istu leuweung luwang liwung,
ti Cirebon ka Sumedang,
nanjak mudun komo rumpil.

14. Tapi teu raos sangsara,
katukeran ku katresna galih,
lajeng Geusan Ulun nyaur,
jeung pasemon marahmay,
Eulis ulah rék ngagugu manah reungu,
réh nénjo tanah Sumedang,
jeung Cirebon lain deui.

15. Kaéndahan kamulyaan,
hanteu aya ayeuna mah diganti,
nya leuweung luwang liwung,
jalma ngan sakur aya,
geus ngapasten kudrating Alloh nu agung,
warna eusi alam dunya,
nu aya di kolong langit.

16. Ratu Emas Harisbaya,
ngawalonan pasemon hégar galih,
saurna kuring saumur,
teu acan gaduh rasa,
nu sakieu bungahna sagunung-gunung,
paribasa laut lega,
lega kénéh ati kuring.

17. Ku Geusan Ulun kamanah,
pangleuleunjar salahir-lahir putri,
leleb mésem Geusan Ulun,
puguh gé lalawanan,
paribasa gula katinyuh ku madu,
nya éta bandingannana,
nu kasép reujeung nu geulis.

18. Sigeg mu di kutamaya,
gusti abdi pada barungah galih,

Ki Sayang Hawu kacatur,
sabaturna tiluan,
tacan ingkah ti urut tarung jeung musuh,
di dinya didaragoan,
bisina baralik deui.

19. Caturna Ki Kondang Harpa,
snggur hayang nyarusul gusti,
di dieu téh tambuh laku,
gé geus sakitu lilana,
tanpa guna urang nyangadago musuh,
tugenah si Jawa édan,
hirup téh jerenih ati.

20. Sanggeus rempeg jeung baturna,
tuluy baé ti dinya arindit,
gustina anu diburu,
ngajugjug kutamaya,
sadatangna ku baturna dibaruru,
aromongna baragéa,
catur awéwé lalaki.

21. Nu aya di kutamaya,
teu nyahoeun yén entas tarung jurit,
ti dinya Ki Sayang Hawu,
ngadeuheusan ka gustina,
ngadadarkeun mentas tarung jeung musuh,
nu paéh gempur bangkéna,
nu hirup malabur miris.

22. Purwa abdi henteu énggal,
ngadagoan bilih baralik deui,
pilahirna Geusan Ulun,
nuhun ka Gusti Alloh,

kadarkeun urang mulus jeung rahayu,
jeung kula banget tarima,
tina kabélaan aki.

23. Jeung sabaturna tiluan,
gumelana pada naruh ati,
mangsa bodo anu agung,
nu pimalesenana,
ka opatan nu geus ngadu tarung pupuh,
dipaparin kaunggulan,
lepas tina baya mati.

19. Pupuh Dangdanggula

1. Tunda heula nu keur bungah galih,
Geusan Ulun reujeung Harisbaya,
sasat eukeur oléng pangantén,
beurang peuting dirubung,
ku sadaya ais pangmapih,
pada meungpeung kasukaan,
ayeuna kacatur,
Girilaya sadatangna,
nu nyarusul baladna perjurit,
éta nu nyusun garwana.

2. Nari unjuk salampahna tadi,
nyusul rayi Harisbaya,
dugi ka wates Cirebon,
geus méh kasusul baé,
istu sidik rayi dipaling,
ku bupati Sumedang,
dicandak ka gunung,
purwa henteu terus kebat,
réh dijagi ngantos lami tarung jurit,
jeung kapetengannana.

3. Gancangna téh nyaur Ki nyai patih,
dawuhanana Pangeran Girilaya,
bapa patih ayeuna téh,
urang montong rék gugup,
enya ogé sidik dipaling,
Nyi Ratu Harisbaya,
ku si Gesan Ulun,
tangtu enggeus di Sumedang,
tapi urang kudu nyaho sidik,
na dimana cicingna.

4. Lajeng baé ngawalonan patih,
maksud abdi badé ngajurungan,
nu rupa dagang pépéték,
nya éta badé nyamur,
di dituna ulah katawis,
badé milih abdina,
nu badé dijurung,
ku Girilaya kamanah,
pilahirna rempug pisan bapa patih,
gancangna baé milampah.

5. Sanggeus kitu tuluy baé patih,
nyiar anu beunang dipercaya,
gancangna geus meunang baé,
dua jalma geus laju,
ku Sumedang lakuna demit,
sarupa nu dagang,
dagang lauk laut,
layur pépéték jeung peda,
teu kacatur dijalanna enggeus tepi,
datangna ka Sumedang.

6. Dina pasar dagang wara wiri,
teu katangen yén éta utusan,
ayeuna gancangna baé,
Harisbaya kacatur,
sasumpingna di jero puri,
tacan angkat-angkatan,
kara kapihatur,
hoyong ningali di pasar,
lajeng angkat pirang-pirang anu ngiring,
enggeus sumping ka pasar.

7. Geus tinangtu pasarna leutik,
tuluy ngider ningali dagangan,
béh anu dagang pépéték,
jeung rupa-rupa lauk laut,
Harisbaya manahna éling,
di Cirebon hargana,
éta lauk laut,
tuluy mariksa hargana,
hiji peda pihaturna genep duit,
bangun kagét manahna.

8. Harisbaya kagét jeung ngalahir,
banget teuing dimahalkeunana,
kami nyaho di Cirebon,
hargana lauk laut,
lamun hiji peda saduit,
lajeng anjeunana angkat,
ayeuna kacatur,
anu nyamar dagang peda,
narenjoan ka Nyi putri,
enggeus sidik nya éta nu ditéangan.

9. Tuluy baé gura giru indit,

teu kacatur lakuna di jalan,
jol geus datang ka Cirebon,
tuluy baé ngajugjug,
ka bumina Kiyai patih,
jeung pada arunjukan,
salakuna untung,
istu kabeneran pisan,
tacan lila di jalanna geus jol sumping,
Nyai putri ka pasar.

10. Puguh ogé waktuna satadi,
réa jalma geus pada terang,
ka Ratu Harisbaya téh,
geus pertéla pihatur,
éta dua utusan tadi,
dibawa ngadeuheusan,
ka jero kadaton,
diunjukeun titih pisan, // 33
sanggeus tamat ku Girilaya ka galih,
tuluy mindel sakedap.

11. Sanggeus kitu milahir ka patih,
bapa patih geura paréntahan,
kapetengan perjurit,
tuluy baé ngarurug,
ka Sumedang sabab geus sidik,
Harisbaya ayana,
tuluy baé tempuh,
masing samakta gagaman,
Sumedang téh wantuning nagara leutik,
sajongjongan gé bedah.

12. Tapi urang leuwih hadé titih,
Geusan Ulun disuratan heula,

ditanya sapakarepan téh,
naha karepna taluk,
jeung nyanggakeun deui Nyi putri,
lamun niat ngalawan,
geus tangtu ditempuh,
ulah sambat kaniaya,
moal burung bangkéna manéhna disiksik,
keur hakaneun buhaya.

13. Ti dieu nu mawa surat tadi,
campur baé jeung balad anu réa,
montong bareng datangna téh,
balad mah kudu tunggu,
sabalikna utusan tadi,
nu mawa surat téa,
mun si Geusan Ulun,
teu taluk sarah bongkokan,
tuluy tempuh sing datang ka burak barik,
ka pangradegan téa.

14. Saharita jalan leutik rumpil,
gedena gé ngan satapak,
ngan anu ratana téh,
turut sisi Cimanuk,
geus didinya balad perjurit,
mapay cai ka girang,
sisi Cimanuk,
milihan nu rada lempar,
ka Cipeles muarana geus nepi,
di dinya manggih lempar.

15. Tuluy mapay ganti sisi cai,
enya éta sisi Cipeles girang,
ti dinya balad-balad téh,

kandeg ka gunung batu,
nu rarenges luhur ngadingding,
kabéh pada nareuba,
ngeureunan lumaku,
pada nyieun pamondokan,
sakadarna pernahna di sisi cai,
pada ngasokeun badan.

16. Marondokna kakara sapeuting,
dumadakan méh kabéh muriang,
réa anu ngadadak paéh,
tuluy pada pahibut,
sakuatna pada arindit,
nyaringkahan ti dinya,
bari meuli catur,
tangtu ieu téh gogoda,
tah tidinya anu nepi ka kiwari,
sebut ngaran godang.

17. Kocap anu mawa surat tadi,
teu ngarandeg terus mawa surat ka Sumedang,
tuluy disanggakeun baé,
surat ka Geusan Ulun,
geus diaos ungeling tulis,
henteu kaungel panjangna,
tapi enggeus tangtu,
kukuh atawana pasrah,
caritakeun kanu mawa surat kami,
Geusan Ulun dawuhna.

18. Ayeuna mah manéh geura balik,
hég béjakeun ka si Girilaya,
beurang peuting didago, // 34
lamun niat ngarurug,

tanda enya anak lalaki,
montong rék adu balad,
ku kami ditunggu,
utusan téh geus bral mulang,
kacaturkeun Ki Sayang Hawu caringcing,
saréh geus meunang béja.

19. Ti Cirebon geus datang perjurit,
rék nempuh nagara Sumedang,
tapi ayeuna ngadago,
didinya karumpul,
kapetengan para perjurit,
Ki Sayang Hawu kocap,
tuluy baé nyamur,
néang anu ngumpul téa,
manéhna ngajadikeun aki-aki,
anu geus ripuh pisan.

20. Kacaturkeun geus gok baé panggih,
balad ti Cirebon nu keur ngumpul téa,
pok nanya Sayang Hawu téh,
naha mana ngarumpul,
lebah dieu tempat nu suni,
naha teu naréangan,
nu deukeut ka lembur,
diwalon ku wadiya balad,
lamun aki teu nyaho dikasi,
sabatur wadiya balad.

21. Ti Cirebon nu rék nempuh jurit,
rék ngagesek pangeusi Sumedang,
dina burak barik kabéh,
komo si Geusan Ulun,
rék diwejek jeung dijejewing,

kadéngé aromongna,
ku Ki iSayang Hawu,
tuluy indit lalaunan,
Sayang Hawu leumpangna téh api-api,
ripuh rarampayakan.

22. Kundang iteu ku awi sapasi,
sanggeus jauh ti nu ngumpul téa,
tuluy gagancangan baé,
mareuk ka Geusan Ulun,
terus unjuka salaku tadi,
réh ratusan baladna,
ti Cirebon ngumpul,
gugundukan tengah jalan,
jeung manéhna nyamur jiga aki,
jeung barina tatanya.

23. Aromongna wadiya balad tadi,
kaunjukeun taya nu kaliwat,
Geusan Ulun mindel ngomong,
pamikir Sayang Hawu,
gustina sumelang galih,
Sayang Hawu unjukan,
agung panuhun,
montong rék sumelang manah,
rehing badé urang téh dirurug jurit,
ka baladna Girilaya.

24. Najan tambah baladna perjurit,
asa teu gimir bulu salambar,
diketrukeun sa Cirebon,
baréto nu nyarusul,
geuning kabéh malabur miris,
abdi neda jiadna,

sumeja ditempuh,
nu badé ngarurug téa,
ulah kantos kadieu aya anu nepi,
sina kabur barurakan.

25. Pilahirna Geusan Ulun aki,
kula henteu alang kumapalang,
nya percaya ka aki téh,
ngan kudu mawa batur,
urang kudu laku jeung titih,
da nyorangan mah nista,
catur Sayang Hawu,
sinareng gaduh paneja,
hadé melak hanjuang jadi partawis,
abdi téh nya gumelar.

20. <u>Pupuh Durma</u>

1. Unamina éta téh tangkal hanjuang,
katingali ku gusti,
aralum (………), // 35
atawa paéh pisan,
éta téh jadi pertawis,
kasoran perang,
musuh nu unggul jurit.

2. Tapi lamun hanjuang téh belegerna,
montong sumelang galih,
ulah kurang jiad,
abdi masih gumelar,
Sayang Hawu nyembah indit,
nyiar hanjuang,
teu lila enggeus manggih.

3. Sayang Hawu melakkeun tangkal hanjuang,

reujeung di ati-ati,
teu aya nu ningal,
di alun-alun pisan,
wantuning keur laku demit,
geus kitu mangkat,
baris mapag ngajurit.

4. Dibarengan ku batur tiluanana,
pada dangdan jurit,
nya éta nangganan,
rawuh Ki Kondang Hapa,
Térot péot kitu deui,
geus bral mariang,
datang ka urut tadi.

5. Kapicatur geus prak baé tarung perang,
teu silinanya deui,
jalma nu opat,
dihurup ka ratusan,
tapi henteu pisan gimir,
sanajan opat,
pada maratek aji.

6. Weduk banyu kabedasan halimunan,
mun dikadék sakali,
liput ku harita,
sakitu jajatén,
balad Cirebon mariris,
nungtutan lumpat,
malabur burak-barik.

7. Burakna téh ngidul ngulon ngalér ngétan,
hantem baé dibeberik,
opat kapetengan,

sayang Hawu nanganan,
jeung anu duaan deui,
enggeus papisah,
musuhna dibeberik.

8. Dua tilu poé harita perangna,
pada tacan baralik,
kocap Ki nangganan,
pangheulana mulangna,
tuluy unjukan ka gusti,
lakuna perang,
musuhna kabur miris.

9. Mariksakeun aki Sayang Hawu mana,
walonna duka gusti,
saréh papisahan,
waktu ngalawan perang,
tilu dinten tilu wengi,
teu pisan tepang,
jajah pada ngajurit.

10. Pilahirna Geusan Ulun karangganan,
sugan katempuh jurit,
walon Ki nangganan,
duka gusti dimana,
ngan batur nu dua deui,
rajeun katingal,
dina waktu ngajurit.

11. Gausan Ulun ngadangu hatur nangganan,
banget manahna sedih,
jadi dimanahan,
Ki Sayang Hawu tiwas,
ngan éta andelan jurit,

ayeuna tiwas,
na rék kumaha deui.

12. Geusan Ulun nyaur Ratu Harisbaya,
pok ngalahir ka rayi,
eulis urang tiwas,
Ki Sayang Hawu tilar,
teu timu ihtiar deui,
taya andelan,
atuh cilaka diri.

13. Taya lian hayu urang ingkah gancang,
marubus ka nu buni,
walon Harisbaya,
abdi ngiringan pisan,
Geusan Ulun nyaur patih,
dawuhannana,
harayu bapa patih.

14. Arajakan jalma kabéh sanegara,
urang pada arindit,
ninggalkeun negara,
bawa saraja banda,
urang mubus ka nu buni,
urang ihtiar,
sugan nolak bala'i.

15. Réhna aki Syang Hawu katiwasan,
maot katitih jurit,
geus teu aya andelan,
kajaba ti éta,
walonan Kiyai patih,
sadaya-daya,
ngiring sakersa gusti. // 36

16. Kacaturkeun ti kutamaya barudal,
nanjak ka leuweuh sami,
di jaman harita,
teu acan dingaranan,
cara perti kiwari,
nelah ngaranna,
dayeuh luhur nagri.

17. Geusan Ulun lali kana perjangjian,
Sayang Hawu satadi,
geus nyieun tangara,
tangkal hanjuang téa,
upama masih walgri,
montong sumelang,
pertawis unggul jurit.

18. Geus bral mangkat sapangeusi kutamaya,
sabogana diringkid,
ti dinya pernahna,
ka kidul méngkol ngétan,
narajak di pasir reungit,
terus kawétan,
sami marentas cai.

19. Ari nu dimaksud dijugjug téa,
suku gunung rangganis,
anu pangwétanna,
réh luhur momonggorna,
disebut ku kiwari,
nya kabuyutan,
mashur kamana mendi.

20. Éta nu disebut buyutan,

sipatna batu curi,
nangtung cara tihang,
kawas ti jaman budha,
nepi ka jaman kiwari,
taya robahna,
ngadeg di puncak pasir.

21. Gancangna téh teu kacatur dijalanna,
Geusan Ulun sumping,
Sumedang manéhna,
réh Ratu Harisbaya,
ngandegna geus dua sasih,
waktu harita,
tur nyorang jalan rumpil.

22. Tapi Ratu Harisbaya berag pisan,
kocapkeun abdi-abdi,
pangeusi nagara,
sakabéh geus daratang,
jeung ngirid saanak rabi,
pada bebenah,
baris enggona cicing.

23. Henteu lila geus jadi rupa negara,
najan taringgul rumpil,
tina kaperluan,
geus diatur ditata,
bumi ménak abdi-abdi,
komo lebetna,
pantes bumi bopati.

24. Kacaturkeun malikan deui carita,
Ki Sayang Hawu tadi,
keur waktu perangna,

unggul pisan gagahna,
musuhna kabur miris,
hantem diudag,
teu weléh ngabeberik.

25. Kiyai Sayang Hawu ngarandeg ngudagna,
tina kacida teuing,
jauh ti urutna,
tadi mimiti perang,
tuluy hohorakna tarik,
dagoan Jawa,
nurus tanjung jejerih.

21. <u>Pupuh Sinom</u>

1. Éta jadi sasakala,
urut Sayang Hawu tadi,
hookeun ka musuhna,
nu diudag mabur miris,
tepina ka kiwarina,
aya lembur disarebut,
ngaranna dago Jawa,
picaturna nini aki,
di Sumedang mashur kitu riwayatna.

2. Kebatkeun ieu carita,
Ki Sayang Hawu téh tadi,
ngarandeg eureun di dinya,
ka manéh téh kapikir, // 37
ayeuna anggur balik,
tanpa guna sedih kalbu,
sakieu dihookan,
taya anu balik deui,
ti dinya téh Sayang Hawu terus mulang.

3. Bari néangan baturna,
dipapay diilik-ilik,
dina urut tarung perang,
bari gegeroan tarik,
barina diilik-ilik,
ka nu buni ka nu singkur,
pikirna palangsiang,
pada kasoran ngajurit,
hantem srok jeung bari bingung pikiran.

4. Sayang hawu henteu nyangka,
yén batur enggeus baralik,
panyangkana katiwasan,
sugan layonna kapanggih,
jeung dihantem disungsi,
di nu buni di nu singkur,
sanggeusna weléh néangan,
Sayang hawu datang pikir,
leuwih hadé kami gancang baé mulang.

5. Tina geus weléh néangan,
rék diunjukkeun ka gusti,
tuluy Sayang hawu mangkat,
henteu weléh alak ilik,
ka kanan sareng ka kiri,
nya éta ngilikan batur,
barina jeung gegeroan,
gancangna baé geus nepi,
kagét bengong ningal dayeuh kutamaya.

6. Kagéteun kabina-bina,
pikirna asa ngimpi,
jeung nénjoan imah-imah,
kosong nepi runtang ranting,

taya jalma sahiji,
alak ilik ngalér ngidul,
tuluy Jaya perkasa,
ingeteun jangjina tadi,
enggeus nyieun tatanda tangkal hanjuang.

7. Ti dinya tuluy ditéang,
teu lila geus béh kapanggih,
éta téh tangkal hanjuang,
belegerna hirup hurip,
ti dinya téh kapikir,
tayohna téh Geusan Ulun,
henteu ningali hanjuang,
teu ngadeuleu kana jangji,
abong-abong ka jalma bangsa urakan.

8. Manéhna datang pikiran,
kakara manéhna indit,
nénjo urut jalma budal,
mapay ka kanan ka kiri,
taksiranana sidik,
pangkosong pada murubus,
paranan ngidul ngétan,
hantem dipapay disungsi,
jeung papanggih jalma anu lalar liwat.

9. Ti dinya meuang carita,
di gunung geus ngadeg nagri,
nu budal ti kutamaya,
beuki lila beuki sidik,
ti dinya ganti pikir,
Sayang hawu datang napsu,
leumpangna beuki gancang,
teu karasa jalan rumpil,

kacaturkeun ka dayeuh luhur geus datang.

10. Tuluy baé ngadeuheusan,
Geusan Ulun eukeur calik,
dideuheusan ku baturna,
Geusan Ulun kagét galih,
barang rét katingali,
tuluy digupay disaur,
kocap jol kapayuneun, // 38
lahir bagéa aki,
Sayang hawu tungkul henteu ngawalonan.

11. Ngan tuluy baé unjukan,
kunaon margina gusti,
mana ngalih ti negara,
ka nu luhur ka nu suni,
eujeung sakieu rumpilna,
pilahirna Geusan Ulun,
nya dalah kumaha,
ihtiar salamet diri,
mending mubus tibatan badan cilaka.

12. Sanggeus kula meunang béja,
yén aki kasambut jurit,
teu aya deui andelan,
kajaba aki pribadi,
tuluy baé ngagidir,
awakna Ki Sayang hawu,
jeung bari piunjukna,
kapan abdi enggeus jangji,
nyieun tanda tangkal hanjuang nu nyata.

13. Upami éta hanjuang,
nu didamel tawis tadi,

rubuh atawa perang,
komo mun paéh sakali,
éta pertawis abdi,
kasoran paéh ku musuh,
tatapina kagét pisan,
barang dongkap béh baé kapanggih,
béh ditingal nagara geus burak pisan.

14. Bengong baé sajongjongan,
teu aya jalama sahiji,
ku hayang nanya sababna,
dayeuh kosong runtang ranting,
ti dinya datang pikir,
boa hanjuang téh rubuh,
tuluy baé di téang,
barang béh istu walagri,
henteu robah hirup belegerna pisan.

15. Na kumaha katingalna,
ku gusti waktu satadi,
Geusan Ulun pilahirna,
kami nya poho téh teuing,
eujeung kaburu kapanggih,
jeung batur aki nu tilu,
anu tadi babarengan,
ti dieu rék mapag carita,
sadatangna ku kami gancang ditanya.

16. Aki Sayang hawu mana,
mana henteu bareng balik,
pihatur aki nangganan,
sumuhun duka gusti,
réh tilu opat wengi,
abdi henteu tepang,

dina saméméh mulang,
sareng batur disarungsi,
dilalahan dina urut perang téa.

17. Ieu ku batur tiluan,
weléh baé teu kapanggih,
manawina katiwasan,
paéh katitih ku jurit,
bangkéna disumput buni,
saakal-akalna musuh,
kami téh ka kabéh pisan,
banget nya ngahelas ati,
ngalenggérék sarupa anu kasima.

18. Leungit pikiran ihtiar,
sarehing teu aya deui,
anu dijieun andelan,
kajaba aki pribadi,
ti dinya datang pikiran,
anggur gura giru mubus,
ngingetkeun santosana musuh,
nu garagah sakti,
tangtu pisan ngaburu ka kutamaya.

19. Harita Ki nangganan,
aya dipayuneun gusti,
ti dinya Jaya Perkasa,
napsu awakna ngagidir,
ngejat ujung nyabut badi,
jeung ngarontok bari numbuk,
nu keuna Ki nangganan,
geus teu bisa hudang deui,
Ki nangganan paéh babar pisan. // 39

20. Geusan Ulun jengkar ngejat,
jeung lajeng nguncikeun bumi,
ayeuna nu kacarita,
Aki Sayang hawu indit,
kawas anu henteu éling,
bari ngomong turun jadu,
wates ieu ngawula,
moal ngawula deui,
nu gumela henteu pisan katarima.

21. Sakieu nya ngabélaan,
sosoroh ngalebuh pati,
angger ngagugu nangganan,
manusa bohong jejerih,
ngomongna bari ceurik,
bari leumpangna téh ngidul,
ieu téh panganggeusan,
moal rék ngawula deui,
kadunungan nu teu boga panarima.

22. Sayang hawu bari leumpang,
ngeuwah napsu liwat saking,
mayitna Aki nangganan,
pinuh kabalur ku getih,
kabéh pada careurik,
reujeung pada ngagugulung,
nu araya di dinya,
geus teu kacaturkeun deui,
Ki nangganan mayitna geus dikaluwat.

23. Ari Ki Jaya Perkasa,
tonggoy atina sedih,
tapi henteu kacarita,
manéhna merenah cicing,

ngan tahoyna henteu pati,
jauhna ti dayeuh luhur,
samalah ka carita,
wasiatna wanti-wanti,
talatahna kasakur anak incuna.

24. Pokna lamun aing ajal,
teruskeun paménta kuring,
kubur deukeut kayuyutan,
rada béh kalér saeutik,
jeung mangkéna mayit aing,
dikuburna sina diuk,
jeung ulah sina nangkarak,
sabab aing henteu sudi,
nyanghuluan ka lebah urut dunungan.

25. Saréhna ti kabuyutan,
ngalér ngulon saeutik,
kana palebah bumina,
dunungannana nu tadi,
jeung talatahna deui,
kuburan aing …………
…………..
…………..
papacuan ulah maké cara Jawa.

26. Anu kasebut batikan,
totopong atawa samping,
karembong jeung salianna,
anu kangaranan batik,
kusababna aing ijid,
ka Jawa Cirebon musuh,
saha anu ngamaha,
kana ieu papagon aing,

seg rasakeun mangké ayay babalesna.

27. Tepi ka jaman ayeuna,
nu daratang ménak kuring,
lamun jarah ka makamna,
Aki Sayang hawu tadi,
maké kangaranana batik,
kudu bangsa nu ditinun,
tapina jaman ayeuna,
tara aya anu wani,
jarah ka makam Jaya Perkasa.

28. Makamna Jaya Perkasa,
rupana istu pasagi,
teu siga makam nu loba,
téténggérna gé ngan hiji,
babasan malawading,
tanda dikuburna diuk,
sakitu caritana,
Aki Sayang hawu tadi,
tedak catur aya nurun manurun. // 40

22. <u>Pupuh Dangdanggula</u>

1. Kacaturkeun nu keur pada sedih,
Girilaya rawuh ponggawana,
saeusi nagri Cirebon,
réhna geus kapiunjuk,
ku baladna para perjurit,
nu kakara daratang,
mareuntas ngarurug,
ngarurug kutamaya,
nu harirup pada mabur mariris,
nu paéhna pirang-pirang.

2. Ku Girilaya enggeus ka galih,
najan henteu sieun tatamplokan,
ku pangeusi Cirebon,
kutamaya dirurug,
najan untung tapi kagalih,
nyieun cua manahna,
najan geus parabu,
tapi éta Harisbaya,
najan geulis réh papisah enggeus lami,
dawuh ayeuna di nu lian.

3. Moal pegat mangké cua galih,
Harisbaya masih tedak sunan,
lain awéwé anu hadé,
lakuna hina nusud,
wani téga tinggal salaki,
hina taya kawirang,
Girilaya nyaur,
ka anu ngadareuheusan,
para ponggawa rawuh pangulu jeung patih,
dawuhan Girilaya.

4. Ayeuna mah ku kami kapikir,
moal owél ku si Harisbaya,
awéwé nu goréng haté,
ngan inget ka sinuhun,
di Mataram anu maparin,
ngaranna gé ganjaran,
ti Kangjeng sinuhun,
pertanda kami kamanah,
kumawula ngaranna pangkat bopati,
tanpa raos kacida.

5. Lamun kami henteu gusal gasil,

teu unjukan syukur kajadina,
sumelang senang bebendu,
siga teu sembah nuhun,
ganjaran henteu dipusti,
tur éta Harisbaya,
alona sinuhun,
nu ngadeuheus bareng nyembah,
jeung tarungkul artina pada saredih,
welaseun ka gustina.

6. Pihaturna pangulu jeung patih,
kasinggihan pisan sadawuhan,
awon teu kaunjuk baé,
ungelna kitabna hukum,
menggah lampah jalma muslimin,
upami awéwéna,
ka salaki nusud,
najan sabaraha lilana,
lamun henteu ditolak mah ku salaki,
masih tetep tikahna.

7. Pilahirna ratu ka ki patih,
ayeuna mah rék unjukan heula,
patih geura milih baé,
jalmana anu cukup,
baris mawa surat ti kami,
ka sinuhun Mataram,
sina terus maju,
mulangna mawa walonan,
gancangna téh nu mawa surat geus indit,
teu kacatur dijalanna.

8. Ka karaton Mataram geus tepi,
sadatangna aya anu nampa,

éta utusan Cirebon,
kaunjuk ka sinuhun,
jeung suratna bawa tapi,
geus diaos suratna,
ku sunan ka maphum,
kantenan ngangres galihna, // 41
gancangna ka utusan Cirebon tadi,
geus ditimbalan mulang.

9. Sinuhun suratna dipaparin,
dua surat bawaeun manéhna,
keur kabupati Cirebon,
utusan terus lajeng,
ka Cirebon geus datang deui,
geus tangtu mulanan,
lampahna nu mulang wangsul,
kabatna ieu carita,
gancangna téh dua surat geus katampi,
ku Pangéran Girilaya.

10. Ma`lumna téh surat anu hiji,
nu tujul ka Pangéran Girilaya,
Yén sinuhun geus mangartos,
nyieun ngangresna kalbu,
pilahirna montong dipikir,
tangtu papastén téa,
ti Alloh nu agung,
jaba kitu surat,
anu hiji deui nya surat ti kami,
kirimkeun ka Sumedang.

11. Tuluy nyaur pangulu jeung patih,
pilahirna Pangéran Girilaya,
hadé ku pangulu ku manéh,

mawa surat sinuhun,
utamana manéh pribadi,
merlukeun mawa kitab,
pasal bangsa hukum,
lamun Geusan Ulun islam,
kudu turut saungeling hadis dalil,
anging lamun masih budha.

12. Gancangna téh pangulu geus indit,
ti Cirebon ka nagri Sumedang,
jadi tambah susah téh,
kudu nanjak ka gunung,
sésélékét jalanna rumpil,
harita mimitina,
ngaran dayeuh luhur,
tuluy ngadeuheusan,
gancangna téh ku Geusan Ulun ditampi,
réh enggeus loma tadina.

13. Tuluy baé nurut sunan tadi,
disanggakeun sanggeus sing kacandak,
ku Geusan Ulun diaos,
saunina kamampuh,
panjang teuning lamun dipikir,
hai Ratu Harisbaya,
ka salaki nusud,
ulah jadi papanjangan,
ayeuna mah ku manéh tikah sakali,
tapi beuli tolakna.

14. Ku panghulu disambungan deui,
ku pitutur saunining kitab,
ku Geusan Ulun kahartos,
tuluy baé ngadawuh,

ka panghulu kula geus ngarti,
arék badami heula,
jeung sabatur-batur,
tidinya salah urang,
para ponggawa panghulu reujeung papatih,
cindekna geus kumpulan.

16. Geusan Ulun geus milahir ka patih,
bapa patih kudu saraksian,
rawuh panghulu Cirebon,
sarehna kula ngingu,
istri anu boga salaki,
Nyi Ratu Harisbaya,
ka salaki nusud,
geus ninggalkeun salakina,
teu puruneun manéhna balik deui,
hayangna tetep dikula.

17. Ti ayeuna kaula téh jangji,
saraksian ku sakur nu aya,
rawuh panghulu Cirebon,
réh Harisbaya nusud,
tanpa pamit tinggal salaki, // 42
saayeuna manéhna,
nu masih ka kurung,
ku tikahna Girilaya,
pambrih leupas tina salaki,
rék dibeuli tolakna.

17. Tapi lain dibeuli ku duit,
dibeulina ku tanah,
ti Sumedang ngétan,
ngalér kidul sirah Cilubang,
turut sisi walunagn cai,

tepi ka muarana,
tepung jeung Cimanuk,
ngalér terus ka segara,
satadina wates tanah tepis wiring,
Cirebon eujeung Sumedang.

18. Ti kidulna ti wates Cikijing,
ngalér nanjak ka gunung Ciremay,
terus ka gunung koromong,
ngalér terus ka laut,
méngkol ngulon sisi basisir,
ti kulon sapanjangna,
Cilutung Cimanuk,
ningal ayeuna buktina,
éta tanah pameuli tolak nu tadi,
nya éta Majalengka.

19. Saapdeling anu lima distrik,
kitu catur riwayat Sumedang,
kocap panghulu Cirebon,
tina geus hasil maksud,
tuluy baé pamitan balik,
teu kocap dijalanna,
ayeuna kacatur,
Girilaya ngadagoan,
ngarep-ngarep teu pegat beurang peuting,
mang panghulu téh datangna.

20. Girilaya harita keur linggih,
rék ningali panghulu jol datang,
kalangkung manahna kagét,
bengong ningali penghulu,
panghulu téh nyembah ngabakti,
gancang dipariksa,

tuluy kapiunjuk,
dina salaku lampahna,
ka Sumedang nepi kana ninggang hasil,
nya éta kanugrahan.

21. Girilaya banget suka galih,
meunang tanah sakitu legana,
tambah jajahan Cirebon,
tina kasiwuh mujur,
tuluy baé Kiyai patih,
ngumpulkeun ponggawana,
dipayuneun ratu,
gancangna téh didawuhan,
sakabéhna cara nu disebut tadi,
di Cirebon tambah lega.

22. Sigeung anu eukeur suka galih,
Girilaya awit manggih duka,
saréh garwa ta ngalolos,
saayeuna geus lipur,
sakumaha kasebut tadi,
duka gantina suka,
caturna pitutur,
ayeuna nu kacarita,
Geusan Ulun geus tetep sugema galih,
ngagarwa ka Harisbaya.

23. Ayeuna caturkeun deui,
Raden Emas Pancawara téa, // 43
nu tinggaleun di Cirebon,
geus lila tuluy nyusul,
ka rakana numutkeun galih,
harita Harisbaya,
geus didayeuh luhur,

Pancawara manggih geunah,
bumen-bumen tetep heunteu mulih deui,
malah tedak-tumedakna.

24. Ayeuna anu dibalikan deui,
Raden Harisbaya sasumpingan,
ka Sumedang eukeur bobot,
saharita kasebut,
ngadengna geus dua sasih,
tina rada geus lawas,
jadi ninggang waktu,
itungan nu ngandek téa,
lajeng babar wilujeng anu pinanggih,
jeung pameget putrana.

25. Geusan Ulun langkung suka galih,
kitu deui Ratu Harisbaya,
dimomong murangkalih téh,
anggepna Geusan ulun,
pangraosna putra pribadi,
mangké dina ageungna,
namina disebut,
Raden Suriadiwangsa,
kacarita Geusan Ulun lami-lami,
putraan baranahan.

26. Ari putra nu sepuh pribadi,
enya éta putra Harisbaya,
diahirna nu ngagentos,
kang rama Geusan Ulun,
kalungguhan jadi bopati,
nurun jenenganana,
ngaganti jadi bopati,
……………….

sawafatna ramana.

27. Lambat-lambat jumenengna bopati,
Geusan Ulun nepi kasepuhna,
kacatur cindekna baé,
Geusan Ulun téh pupus,
dugi ajal di jaman,
ahir nya kitu Harisbaya,
kacatur geus pupus,
teu pajauh ti rakana,
ninggang kana basa awét laki rabi,
tepi kanganggeusanana.

23. Pupuh Asmarandana

1. Makam Geusan ulun tadi,
rawuh makam Harisbaya,
teu pajauh tempatna téh,
saban nu jarah sadaya,
kampang kaduanana,
urut kota dayeuh luhur,
nya éta didinya pisan.

2. Ayeuna malikan deui,
turut uninga sajarah,
garwana Geusan Ulun téh,
kakocapkeun aya dua,
disebut jenenganana,
nami Nyimas Gedeng Waru,
putrana susunan pada.

3. Ti dinya putrana deui,
pameget ogé putrana, // 44
anu mangké ahirna téh,
anu ngaganti rakana,

bupatina ti Sumedang,
dina sajero disebut,
Pangeran Rangga gede téa.

4. Putra Geusan Ulun tadi,
nu aya dina sajarah,
henteu dikocapkeun kabéh,
tatapi tedak tumedak,
réa pisan nu rundayan,
ieu mah anu kacatur,
ngan éta baé nu dua.

5. Ari rakana nu tadi,
anu ti Harisbaya,
teu lila jumenengna téh,
miturut caritaan mah,
wafatna gé di Mataram,
keur séséba ka sinuhun,
jeung ninggalkeun dua putra.

6. Duanana putra istri,
henteu mulang ka Sumedang,
tangtu aya rundayan téh,
sareh Pangeran Sumedang,
kocapna di Mataram,
dipiasih ku sinuhun,
kongas kagagahannana.

7. Dalah nepi ka kiwari,
henteu pegat caritana,
jeung kasebut makamna téh,
di desa Bembem ayana,
taya anu pada jarah,
ku urang dinya disebut,

makamna kasumedangan,

8. Réa pangagung ningali,
di Solo reujeung di Yogya,
éta pangeran Sumedang téh,
wafatna nya di Mataram,
nalika jamanna kuna,
éta riwayat saistu,
pantes lamun dipercaya.

9. Ayeuna malika deui,
bopatina di Sumedang,
Kangjeng Pangeran Ranggagede,
geus putraan baranahan,
jeung kami jumenengna,
ngalihna ka dayeuh luhur,
kawetaneun kutamaya.

10. Ngarana sisi cai,
lega lempar lalahanna,
ka kurilingan Cipeles,
rapet ka kota ayeuna,
sabeulah kalér wétan,
malah kaitung kaasup,
sisina kota ayeuna.

11. Ayeuna malikan deui,
supaya sakabéh terang,
satadi babad Cirebon,
teu bisa laju jalanna,
kuloneun lembur godang,
kapegat ku gunung batu,
jeung ngadadak maruriang.

12. Ari gunung batu tadi,
nya gunung Cariyu téa,
tepi ka sisi Cipeles,
sakuloneun lembur godang,
dalah jamanna ayeunna,
ku jelema diserebut,
yén sanget loba jurigan.

13. Malah-malah geus kabukti,
caritana nu ayeuna,
dina waktu baréto,
tahun lima puluh dua,
baris dijieun jalan, // 45
mimiti ti Karang Sambung,
anu terus ka Sumedang.

14. Tatapi teu kungsi jadi,
dina mangsa harita,
timbanganana gupernemen,
teu acan perelu pisan,
tatapi dina taunan,
sarébu dalapan ratus,
jeung tujuh puluh dalapan.

15. Harita dipaju deui,
neruskeun ngaganti jalan,
nu ti Conggeang ka Tomo,
diatur ka watersetat,
nurutkeun jalan baheula,
nyorang gunung Cariyu,
deukeut lembur Godang téa.

16. Negarana sisi cai,
lega lempar lalahanna,

ayeunana Tegal Kalong,
rapet ka kota ayeuna,
sabeulah kalér wétan,
malah kaitung kaasup,
sisina kota ayeuna.

17. Wates ieu nu digurit,
ari babad Sumedang mah,
jadi masih panjang kénéh,
ari ieu babad kuna,
supaya pada terang,
asal tedak Geusan Ulun,
ieu babad diguritna.

18. Beunang Dalem Adipati,
Aria Martanegara,
pangarang ieu babad téh,
minangka nyieun pusaka,
kang putra jeung wayah,
ngayuh berkahing karuhun,
tedak tumedak Sumedang.

19. Pépéling tamat ngagurit,
ngarang babadna Sumedang,
nuju dina dinten senén,
bulan pebruari tanggal,
genep welas tahun,
sarébu salapan ratus,
dua puluh di Sumedang.

20. Paraluna kecap abdi,
bilih aya kecap kirang,
ulah kirang tawakuf baé,
wantu nyeratna keur pakan,

haté keur pagaliwota,
pacampur eujeung ngalamun,
masyaalloh nu kawasa.

21. Sareng muga jisim abdi,
ka sadaya para sembah,
luluhur Sumedang téh,
abdi anu kamawerat,
nyeratkeun ieu hikayat,
neda agung nya paralun,
neda panjang nya hampura.

Tamat sambung Kinanti // 46

24. <u>Pupuh Kinanti</u>

1. Neda agung nya paralun,
ieu nyerat jisim abdi,
ngan baé tamba lumayan,
eukeur ngabibingah ati,
ati nu matak gumira,
gumira badan pribadi.

2. Tamba poék loba bingung,
bingung nu sulaya pikir,
matak ku urang bibingah,
saban peuting kersa ngawih,
sugan moal loba susah,
susah tong pati dipikir.

“ Ieu carita babad Sumedang perang raja pada raja “
“ nya éta Girilaya perang jeung Geusan Ulun....… “
“ Girilaya negarana Cirebon pusakana…………… “
“ Geusan Ulun nagarana Sumedang pusakana……”